


MAMBO AKARAMBWA

 ...kuitira kubwinya kwaShe kuunzwe patiri nhasi kuburikidza nekushumirwa kweShoko. Uye zvirii . . .

² Vhiki rino rapfuura, ndakangoita sekuti rwarei zvishoma. Kwete kunyatsotaura kuti kurwara; kwaive kuongororwa kwandaifanira kuitwa, kuongororwa kwemuviri. Uye ndizvo zvamakanzwa, kuti ndakanga ndiri muchipatara. Zvaive mukuti kana ndakaendako handaizoramba ndichienda nekudzoka ndichiyambuka rwizi. Unoongororwa chikamu chekumusoro chemudumbu, uye chikamu chekuzasi chemudumbu. Uye vanofanirwa, maminitsi mashoma ega-ega, vanofanirwa kudzoka uye vitora x-ray zvakare. Asi tinofanirwa kukuitwa, kana tichivhangeri mhiri kwemakungwa, mwedzi mitanhatu yega-yega. Hama Roberts nevamwe, ndinofunga, vanokuitwa mwedzi mitanhatu yega-yega. Asi ndakanga ndisina kukuitwa kwemakore mana.

³ Dambudziko racho, handingofarire mafuta iwawo epfuta, ndicho chinhu choga. Uye vanoti hapana chimwe chinhu chavanogona kupa chinotsiva, saka ini, oo, ndakarwara zvakananyanya pavakandipa zvinhu izvozvo. Munoziva, ndakakuudzai, munhorondo yehupenyu hwangu, kuti zvinhu izvozvo zvinonyanya kundirwarisa sei. Uye—uye ndinongovenga kutora zvinhu zvacho. Zvino ndakati kune shamwari yangu chiremba ane nyasha, kana...“Hapana here chimwewo chinhu?”

Zvino akati, “Handifungi kudaro, Hama Branham.”

⁴ Oo, mukadzi uya paakapindamo aine, wairatidzika kunge, pamwe ndiri kuwedzera, asi, wairatidzika sekoti. Iwo—iwo wakanga...handina kumboona wakawanda kudaro. Zvino ndakangobata mhuno yangu ndokupfumba muromo. Asi pakupedzisira ndakazoumedza.

⁵ Asi zvino, mumuedzo wese, uye ndokunge zvose zvapfuura, ndinoda kutenda Ishe nekuongororwa kwakakwana. Ndakapasa, zvikamu zana kubva muzana; ndinogona kuenda chero kupi pasi rose kwandinoda kuenda. Ndakabvunza vanachiremba, vaive vatatu vevanamazvikokota vepamusoro vacho, avo, ndi—ndinofungidzira, muLouisville. Zvino ndakavabvunza, ndikati, “Ndine hurema hungatangira pazvikamu gumi kubva muzana here?”

⁶ Vakati, “Hamuna kana kachidimbu kamwe kehurema.” Vakati—vakati, “Muri muhutano hwakakwana, mune zvose hazvo.” Zvino ndinotenda Mwari kwazvo. Ko kwaizogona kubva kunaaniko kunze kwaBaba vedu veKudenga, maona, kuti ndive saizvozvo?

⁷ Zvino akati, “Kwako...Kufamba kwenyu kwese kunoratidza, mukati imomo, imi kuve wechidiki.” Akati, “Zvizenga zveropa renyu hazvisati kana zvatanga kupamuka, kana chero chinhu.” Akati, “Muri muchimiro chakanaka kwazvo, Hama Branham.”

Zvino ndakati, “Saka, ndinofara kwazvo.”

⁸ Uye ndakave nemukana wakanaka wekutura, kupupurira mukoti wese muchipatara ichocho, nachiremba wese, kuHumambo hwaMwari. Uye mumwe chiremba, ndinofunga anga achifanira kuve pano mangwanani ano. Uye ndi—ndicha...Ndiri kufara kuziva kuti kuchine varume vakanaka munyika ino, varume chaivo, varume vaizonditora kwemazuva mashanu, mukuongororwa kwemuviri, uko kwaizongoita mazana maviri kana matatu emadhora kune mumwe nemumwe. Pandakapedza, vakati, “Ndiwo mupiro wedu kubasa raShe, ramuri kuita.” Maona? Hongu. Kwete kana...Vakati, “Nhai, munotiita kuti tinyare, kutotibvunza kana muine chikwereti nesu.” Vakati, “Minamoto yenyu chete kwatiri!”

⁹ “Uye mukati,” vakati, “tinowana chimwe chinhu chemanzwiro chatisingakwanise kunzwisisa.” Zvino ndakati... “Isu...Ha—hazviiti kunge zvakadaro...” Akati, “Nekunze, hamuhuti-huti kana kuvhiringidzika. Asi,” akati, “nechemukati, pane manzwiro atisingagone kunzwisisa.”

¹⁰ Ndakati, “Kana mukangogara pasi pano kwechinguvana, ndichakuudzai.” Zvino ndakatanga kutaura pamusoro pezviratidzo. Yakanga iri imwe nharaunda kwavari. Havana chavaiziva nezvazvo. Ndakavaudza nezveBhaibheri. Ndokubva ndavaudza nezvechiratidzo icho Ishe vachangondipa pane rimwe zuva, zvino vakachema sevacheche. Kungogara ipapo vakachema. Uye ini...ivo...Ndakati, “Ndinovimba kuti hamundifungidzire semumwe mupengo wechinamoto kana zvimwewo.”

¹¹ Akati, “Kwete zvachose, Hama Branham. Ndinovitenda nemoyo wangu wese.” Akati, “Asi chinhu chimwe chete chandinoda kutaura: Hamuendi kuchikoro kunodzidza zvinhu izvozvo.” Akati, “Ndinotenda kuti zvinobva kuna Mwari Samasimba.” Uye vaiva vatatu vevanachiremba vane mukurumbira muLouisville, vepamusoro vacho vavaiva navo. Uye, saka, ndakafara kwazvo nekuda kwazvo, nekuziva kuti pamwe Ishe vakandirega ndichidzira Mbeu ipapo.

¹² Mukoti mumwe nemumwe, ndakatura navo. Ivo, mamwe mangwanani, pakubuda mukamuri ye x-ray, ndakati kuna... Ndakatarisa mudzimai mukweguru anonzvisa urombo. Akanga achirwara zvakanyanya. Uye ndakaramba ndichifamba ndichidzika zasi, ndichidzika zasi kusvikira ndasvika paari. Ndakafunga kuti anogona kunge ava kufa. Zvino ndakati, “Ndinoda kukubvunzai mubvunzo, hanzvadzi.”

Akati, “Hongu, changamire.”

Ndakati, “Muri muKristu here?”

Zvino akati, “Ndiri *weimwe* chechi.”

¹³ Uye ndakati, “Ndiri kungoda kuzvijekesa zvishoma.” Ndakati, “Ndi—ndinoda kuziva kana muri Mukristu, Mukristu chaiye-chaiye. Kuti, kana mukayambuka gungwa rino rehupenyu, muchipinda kune imwe Nyika, munoVada here?” Ndakati, “Mungange makaponeswa zvechokwadi here?”

Zvino vakati, “Hongu, changamire. Ndingadaro.”

¹⁴ Uye ndakati, “Mwari varopafadze moyo wenyu zvino. Hazvina mhosva kuti mhopo inovhuvhuta nenzira ipi, imi zvamuri zvakanaka zvino, chero bedzi ichienda saizvozvo.”

¹⁵ Uye kana tikangotenderera, kuchine vanhu vazhinji vakanaka vakasara munyika.

¹⁶ Zvino, nhasi, ndauya nechiratidzo chandichakuudzai munguva shoma inotevera. Uye ndinoda kutaura, kutanga, pane rimwe reShoko, nekuti ndinotenda kuti Shoko rakanyanya kukosha, rakanyanyisa kukosha izvozvi. Uye ndinofara kuona Charlie Cox, uye, hama, shamwari yangu yakamira apo, pamwe chete. Hama, handisi kugona kufunga... Jeffries, handisi kugona kufunga nezvezita rake. Vazhinji venyu imi dzimwe hama dzinodikanwa dzinobva kuGeorgia, dzinobva kunzvimbo dzakasiyana-siyana dzenyika. Shamwari yangu yakare, Bill, yakagara pano, ndinotenda ndiye, mangwanani ano. Uye—uye nevakawanda... Uye hama yekuGeorgia iyo, vanhu vakandipa sutu iyi. Munoziva, ndiyo—ndiyo imwe yemasutu akanakisa andakambopfeka. Ndinonzwa zvakanonaka kwazvo, zvakanakisa chaizvo—chaizvo. Uye imi munoreva zvakananyanya kwandiri. Ndikakuudzai zvakaitika, mazuva mashoma ano apfuura, kwandiri, muchaona kuti sei ndichifunga kuti zvinoreva zvakananyanya kwandiri.

¹⁷ Zvino, ndinotenda, kana Ishe vachitendera, ndinoda kushingaira muhondo zvakati simbei kupfuura zvekumashure, muhupenyu hwangu. Nekuti, ndinoona zvino zvave... Chokwadi, ndinogona kufa nhasi. Izvozvo, iwe hauzive. Kuongororwa kwemoyo wangu nezvese, mhando dzema x-rays gumi nematanhatu akasiyana-siyana, hongu, kuongororwa kwemuviri kuzere, kwakaridza kuti ndaive mune... ndakagwinya sezvingava zvakaita chero munhu upi zvake, munhu ari panyika. Saka ndinotenda nekuda kwaizvozvo. Asi, zvinhu zvese, kunyangwe zvese izvozvo, uye sekutenda nekuvonga kuna Mwari, sezvandiri, kuti ndinotenda kuti Vanoramba vachindichengeta pabasa raVo, hazvisi izvo zvaVakandiratidza kumashure zvishoma kwaizvozvo, munoona, zvakangondifadza kwazvo.

¹⁸ Zvino, ndinofunga, manheru ano. . . Zvakanaka here nemi? [Hama Neville vanoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti] Hama yedu—yedu inokosha ndivo—ndivo munhu mumwe asina undini, ndi—ndiHama Neville. Uye kana paine mumwe wenyu aive pano Svondo yadarika uye akanzwa mharidzo iya inoshamisa yavakaunza, ye “chirongo chemafuta,” yaiva kunze- . . . imwe yemharidzo yakanakisa yandakambonzwa, yaive iyo yakaunzwa naHama Neville, neMweya Mutsvene, Svondo yadarika, kuboka rino remakwai rakaunganidzwa pamwe chete naMwari.

¹⁹ Uye kana zvichinge zvakanaka, zvichifadza kuna Ishe, uye naHama Neville nechechi, Ndinoda kutaura zvakare manheru ano ndotanga nhevedzano yechidzidzo, toti, Muvhuro manheru. . . Ndiri kureva, Svondo manheru, neChitatu manheru, neSvondo inotevera, nhevedzano yechidzidzo chandakanzvera.

²⁰ Ndingadai ndisina kunge ndakagara ikoko kuchipatara. Asi vakange vakandinakira kwazvo, vakandipa kamuri kwechinenge chikamu chimwe kubva muzvitatu chemutengo. Saka ndakangotora maBhaibheri angu, mabhuku angu, ndokupeta mubhedha, ndokugara ndakapfugama kumusoro ikoko, ndokutora maBhaibheri angu ese nezvinhu zvigere kwese-kwese. Zvino ndakave nenguva chaiyo, kusvikira vazouya nemafuta epfuta imomo. Nguva yangu yakanaka yakabva yapera pakarepo. Nda—ndakanga ndaparara ipapo. Asi, Hama Pat, ndairwara zvemazvirokwazvo. Zvinhu izvozvo, ini handitombozvida. Uye, asi ndakanga ndichiva nenguva yakanaka, kwemazuva matatu kana mana ekutanga. Ndaiva nenguva yakanaka.

²¹ Zvino ndakanga ndichinzvera muBhuku raVaEfeso. Oo, kuiswa pamwe chete ikoko kweChechi! Uye ndinofunga kuti chinhu chakanaka.

²² Uye—uye kana iwe, zvino, kana uine chechi yaunopinda, pfuurirai mberi unomira pabasa rako. Asi kana usina chechi, uye uchida kudzoka manheru ano, neChitatu manheru, neSvondo manheru, Ndinoda kutora, manheru anhasi, Bhuku raVaEfeso 1, neChitatu manheru, chitsauko 2 cheVaEfeso, uye Svondo inotevera, chitsauko 3 cheVaEfeso, kuisa Chechi muhurongwa. Munoziva zvandiri kureva, Ku—kugadza, panzvimbo chaiyo. Uye ndinofunga kuvaka kunokwira kumusoro, kuChechi.

²³ Handisi. . . Ndiri—ndiri kungotaura izvi kune vanouya kuBranham Tabhenakeri.

²⁴ Uye kana mumwe wenyu hama dzinodikanwa. . . Ndinoziva vamwe venyu, ndinofunga, mune misangano. Hama yedu diki iri kumusoro kuSellersburg, ne—nevamwe vakasiyana-siyana, vane misangano. Zvino, tarisai, iyoyo misangano yerumutsiro. Imi endai kune iyoyo. Ivo varanda vaKristu, varume vechidiki vari kumira mumukaha, vakabuda. Apo

kunyangwe chechi yavo pachayo payakaramba Chokwadi, nezvinhu zvakadaro, vakafamba vachibva pairi. Zvino Mwari vakavadanira kushumiro. Hongu, changamire. Ndi—ndinoyemura murume. . . Handitombogoni kufunga nezvezita remurume uyu. Asi muchinda wechidiki, akanaka, muchinda anoratidzika kuva nechiso chakanaka, uye nemudzimai akanaka nevana.

²⁵ Zvino—zvino Hama Junie Jackson vanga vachiita mimwe misanganano zasi kuno, vanova mumwe mukombe unoshamisa, wakaisvonaka wenyasha dzaMwari dzinoshamisa. Uye pavanenge vachiita rumutsiro mumachechi enyu, imi enda ikoko kwacho kwavari, nekuti ndiwo wako. . . ndicho chinhu chekuita. Nekuti, hauzive, pamwe mutadzi anouya kuartari, uye unogona kufemerwa kuti utungamirire munhu iyeye kuna Kristu, unozova mubairo wako mukuru kune rimwe divi.

²⁶ Uku kungori kudzidzisa nekuisa Chechi muhurongwa, pano patabhenakeri, zvichibatsira patinoenda.

²⁷ Zvino, handina kuuya newachi yangu, saka mumwe munhu anozofanira kunditarisira. Doc atondiratidza, ane imwe, saka, munin'ina wangu, Saka zvino. . . [Hama Edgar “Doc” Branham vanoti, “Handizokubhadharisei yakawanda nekuda kwayo,” zvino ndokupa wachi yavo kuna Hama Branham—Mupepeti] Hauzondibhadharise yakawanda pairi? Zvakanaka. Saka, zvino, zvakanaka. Saka, zvino, handitende kuti chinhu ichi zvachiri ndizvo, pakutanga kwacho. Saka. . . [“Ndatenda. Ndiri kuzotaura chimwe nezvenyu.”] Zvino, oo, oo, sh, sh, sh, sh. [“Ndachengeta makobiri gumi, pabhavhadhe rangu, mangwanani ano, kungoitira kuti munzwe zvakanaka.”] Wadaro here? Zvino izvozvo. . . Wachi iyi yangofamba zviri nani chaizvo ipapo, Doc. Ati akachengeta makobiri gumi, pabhavhadhe rake, kuti andiite kuti ndinzwe zviri nani, nekuti pane vaviri kana vatatu pakati pake neni. Saka munogona kuona pandiri, zasi kwenzira. Asi, oo, hazvina basa kana nepadiki pose, kwandiri. Zvino, handisi kuzotaura kwenguva refu kwazvo.

²⁸ Zvino, kana paine vaenzi mumasuwo edu, zvirokwazvo tinoda kukugamuchirai nemoyo yedu yese. Munogamuchirwa kwazvo pano patabhenakeri diki ino. Hatina chivakwa chinoyevedza. Zviri muhurongwa zvino kutivakira, kwete nzvimbo huru, asi ingori. . . Ino yangova yasakara zvikuru. Uye tichaedza kuzvivakira chechi yakanaka diki yakasununguka pano, nekukurumidza patino. . . Ishe vachatitendera kuzviita. Uye vazhinji venyu mese muri kushingaira kwazviri, uye zvirokwazvo tinozvikoshesa.

²⁹ Zvino ndinoda kuti muvhure neni, mangwanani ano, mukuverenga, kuna Samuiri Wekutanga chitsauko 8, totangira

kunge pane, ngatitangirei kunge pandima 19, ndima 19 ne 20, pamwe, kuitira musoro wenyaya mudiki kuitira chidzidzo.

³⁰ Uye zvino, muchipawana, uye tisati isu . . . Tichapaverenga, uyezve tinoda kupinda mumunamato. Uye pangave paine here chero zvikumbiro mangwanani ano, zvino iti, “Chingondirangariraiwo”? Mumusangano wedu wekupedzisira, mavhiki maviri apfuura, kana matatu, pandakava nemusangano . . . Nhai, isu . . .

³¹ Gara zviya, pamuri kuvhura, musangano unotanga muChautauqua, musu wa 6 zvino. Tiri kutarisira nguva huru, Middletown, Ohio. Imi vane zororo renyu riri kuuya, huyai. Uye musasa mukuru, parwizi chaipo, apo, oo, isu . . . kuparidza kwese kwamati makambonzwa. Vese vari kukwira nekudzika nerwizi, vaparidzi, mangwanani ega-ega, nemasikati ese nehusiku. Saka vese vanoungana pamwe chete. Inzvimbo huru yemisasa, yakakura kwazvo kupfuura Silver Hills, kakawanda. Uye— uyezve nenzvimbo huru ikoko kwatinogona kuisa pakati pezviuru zvisere negumi zvevanhu. Uye inogara yakazara. Tinova nenguva huru muOhio.

³² Zvino mutana Hama Kidd, vandakaenda kunonamatira, mamwe mangwanani. Mose munorangarira ndichikuudzai, mavhiki matatu apfuura? Chiremba akavapa maawa makumi maviri nemana, ekurarama. Vakamuka uye vari kufamba kwese-kwese. Vakanokora Rugwaro, rwiyo rwavaitadza kuimba. Zvino pandakapinda ndokuvatarisa, mamwe mangwanani, nekashawuru kadiki kaiva pamusoro pavo. Ndakabva pano anenge maawa matatu kana mana kusati kwayedza, kuti ndikwanise kusvika kwavari. Vakati vaizofa musu iwowo; kenza muprostate.

³³ Zvino mudzimai wavo anokosha, mudiki, akura, aiwacha achiwana masendi makumi mashanu pazuva; iko kusati kwayedza, kusvikira mushure meusiku, kwemasendi makumi mashanu, kuti murume wavo arambe ari mumunda wekuvhangera semuparidzi. Vakaparidza rumutsiriro rwemavhiki maviri, ndokutora mupiro, vakawana masendi makumi masere.

³⁴ Asi ndakavaona vagere apo mamwe mangwanani, ivo vaviri vadiki, vakwegura, vaviri vadiki, waro, vakagara ipapo, uye neshawuru yavo diki iri pabendekeke ravo. Zvino mumwe wewavakatendeutsa wavo, ane makore makumi mapfumbamwe nemaviri okuberekwa, achingopenya nekubwinya, uye ari muPentekosti kubva pamoyo chaipo, uye akagara ipapo, munoziva. Zvino ndakati, “Munoziva here kuti imi vanhu vatana makagara pano nei? Kungomirira chete kuti igwa riuye.” Ndizvo zvoga. Basa ravo, zvese zvavakabudirira pazviri, chi— chinangwa chavakabudirira pachiri, uye vakagadzirira zvino kuenda kumubairo wavo.

35 Uye ndakati kuna Hama Chev, izvozvo kuna Hama Kidson... Kidd, mangwanani iwawo, “Muchange muri pamusangano wekuChautauqua.”

36 Vakandifonera nezuro, vakati, “Ndiri... Ndichange ndiriko, Hama Branham.” Zvakangonaka.

37 Mizhinji yemusangano, kubva pashumiro yangu itsva iri kuuya. Imwe hama, hama yechiBaptisti yakamira pano, mwanasikana wavo, wezera rekuyaruka, akanga akati tsaukei zvishoma. Zvino ndakavaudza, “Ndinokupai mwanasikana wenyu kuitira Ishe Jesu,” mamwe mangwanani. Zvino pavakaenda kumba, akaponeswa. Nemumwe wacho ari pano mangwanani ano, kuti abhabhatidzwe uye achienderera mberi.

38 Zvino mumwe murume, VaSothmann, shamwari yangu inobva kuCanada, ambhuya vavo vari muchinhano chekufa, ndakati, “Munowana ambhuya venyu kana masvikako, vanaya, vave muchinhano chavo chekupora, zvakanaka.” Ndizvo chaizvo zvazvaingova. Uye chete... vanhu vachingopinda. Zvinongori mukutanga kwazvo zvino, zvichifamba. Asi, oo, tiri kutarisira zvakanyanyisa, zvakanandisa kupfuura zvese. Tiri mumazuva akaipa uye ekupedzisira, asi muri munguva inobwinya.

39 Zvino mune Bhaibheri renyu here, kuitira kuverenga, chitsauko 8 chaSamueri? Uye ndakavimbisa Gene kuti agare kumashure uko, kuti arekodhe zvimwe zvese izvi. Taive tichangotanga kudaro, mumusangano wedu.

Zvisinei vanhu vakaramba kuteerera izwi raSamueri; zvino vakati, Kwete; asi isu tichava namambo anotitonga;

Kuti isu... tifanane... rudzi, ndudzi dzose; uye kuti mambo wedu atitonge, nekubuda kunze atitungamirire, uye nokurwa pahondo dzedu.

... Samueri akanzwa mashoko ose aya evanhu, uye... akaarondedzera munzeve dzaJEHOVHA.

Zvino JEHOVHA vakati kuna Samueri, Teerera hako kune izwi ravo, uvagadzirire mambo. Zvino Samueri akati kuvarume veIsraeri, Endai henyu mumwe nomumwe kune guta rake.

40 Zvino kana ndikaedza kusarudza kubva pane izvi, mangwanani ano, zvandingati musoro wenyaya, kwemaminitisi mashoma anotevera, Ndinoda kusarudza chidzidzo chekuti: *Mambo Akarambwa.*

41 Yakanga iri nguva, iyo semunguva dzese, yekuti vanhu havana kumbobvira vada kuti Mwari vavatungamirire. Vanoda nzira yavo yehutungamiri. Uye nyaya iyi mangwanani ano... Uye kana mukaenda kumba kwenyu, zvingave zvakanaka kwamuri kuti muiverenge yose kusvika yaperera. Yakanga iri nguva yema—mazuva aSamueri, munhu waMwari, muporofita.

Uye anga ari murume akarurama, uye murume akanaka, anokudzwa, anoremekedzwa, wechokwadi uye akavimbika kuvanhu, asingambovanyengera, uye asingavaudze chimwe chinhu kunze kweZVANZI NAJEHOVHA yakananga.

⁴² Asi vanhu vanga vasvika pane imwe nzvimbo yavaida kushandura chirongwa ichi. Vakanga vatarisa vaFiristia, nevaAmareki, vaAmori, vaHiti, nedzimwe ndudzi dzepanyika, uye vakange vaona kuti vaiva nemadzimambo aivatonga, nekuvatungamira, nekuvaratidza gwara, uye nekurwa hondo dzavo, nezvimwe zvakadaro. Uye izvi zvaitaridzika sekuve izvo Israeri yaida kuzvifananidza nazvo semadzimambo aya, uye sevanhu ava.

⁴³ Asi hazvina kumbova, mune chero zera ripi zvaro, chinangwa chaMwari chevanhu vaVo kuti vaite sevanhu vemunyika, kana kutongwa kana kutungamirwa sevanhu vemunyika. Vanhu vaMwari, senguva dzose, vanga vari va—vanhu vakatsaurwa, vanhu vakasiyana, vakadanwa, vakapatsanurwa, uye vakasiyana zvachose pakuita kwavo, munzira dzavo, nemhando yemararamiro avo, kune zvine vanhu vemunyika. Nzara yavo yezvinhu, nezvose zviri magadzirirwe avo, zvagara zvichipesana nezvinhu zvinoshuvirwa nevanhu vemunyika.

⁴⁴ Zvino vanhu veIsraeri vakauya kuna Samueri vakati, “Zvino, iwe wava kuchembera, uye vanakomana vako havafambi munzira yako.” Nekuti, vaive vasina kutendeka saSamueri. Vaiita zvechiokomuhomwe nevatori vemari. Zvino vakati, “Samueri, vakomana vako havana kuita sewe, saka tinoda kuti ubude kunze uye utitsvagire mambo, uye umuzodze, uye utiite vanhu vakaita sevamwe vanhu vose vepanyika.”

⁴⁵ Zvino Samueri akaedza kuvaudza kuti izvozvo zvainge zvisingashande. Akati, “Kana mukaita izvozvo, chinhu chekutanga munoziva, muchaona kuti achadana vanakomana venyu vese kubva kumba kwenyu, ovaita masoja, kuti vamhanye pamberi pengoro yake, uye votakura nhumbi dzekurwa nadzo pamwe nemapfumo. Kwete izvozvo chete, asi achadana vanasikana venyu, kuti vave vabiki vechingwa, uye ovatora kubva kwamuri, kuti vape chikafu kumauto. Uye,” akati, “kunze kwezvose izvozvo, achatora mimwe mitero kubva kwamuri, yegorosi renyu, nemuhoro wenyu wese. Achaisa mutero pane zvese izvozvo, kuti abhadhare zvimwe zvikwereti zvehurumende, nezvimwe zvakadaro, zvichafanira kubhadharwa.” Akati, “Ndinofunga kuti muri, zvachose, kukanganisa.” Asi kana . . .

⁴⁶ Vanhu vakati, “Asi tichiri kuda kufanana nevamwe vanhu vese.” Pane chimwe chinhu pamusoro pevarume nevakadzi, chekuti vanoshuvira kuve vakafanana mumwe nemumwe. Uye pakave nemunhu mumwe chete akamborarama panyika aive

muenzaniso wedu, uye aiva Uyo akatifira isu tese, Ishe neMuponesi wedu, Jesu Kristu. Aiva muenzaniso wakakwana wezvatinofanira kuva, nguva dzose ari pabasa raBaba, uye achiita izvo zvakanaka.

⁴⁷ Uye zvisinei nekuti Samueri akaedza kunyengetedza vanhu zvakadzi, vakaramba vachimutevera, masikati nehusiku, “Tinoda mambo. Tinoda murume. Tinoda murume watinogona kuti, ‘Uyu ndiye mutungamiri wedu.’”

⁴⁸ Uye izvozvo hazvina kumbobvira zvava kuda kwaMwari. Hazvina kumbobvira zvava kuda kwaMwari, kana kuti hazvizombova kuda kwaMwari, kwekuti munhu atonge mumwe. Mwari vanotonga pamusoro pevanhu. Mwari ndivo Mutongi wedu, Mambo wedu.

⁴⁹ Uye zvakananyanya, zvine njodzi yakanyanya nhasi, nekuda kwekuti munhu anoita seane pfungwa imwe cheteyo. Havaratidzike sevanokwanisa kunzwisisa kuti Mwari vachiri kutonga munhu, pachinzvimbo chekuti munhu atonge mumwe munhu.

⁵⁰ Saka vakazvisarudzira murume ainzi Sauro, aive mwanakomana waKishi. Uye aive murume anoremekedzeka, murume anokudzwa. Asi aikodzera kuvanhu chaizvoizvo, nekuti aive nechimiro chemurume, mukuru, murefu, anokudzwa. Rugwaro rwakati aiva nemusoro nemapfudzi akareba kupfuurira chero munhu ari muIsraeri. Aitaridzika samambo, uye aive nerunako pachiso. Aive akangwara uye murume asiri wemazuva ese.

⁵¹ Zvino, ndiyo mhando yemunhu uyo vanhu vanofarira kusarudza nhasi. Vanhu havaite sekunge vanogutsikana nenzira iyo Mwari vakagadza Chechi yaVo, kuti itongwe uye nekutungamirirwa neMweya Mutsvene. Vanoda mumwe munhu, mumwe murume, rimwe sangano, imwe mhando yevanhu kuti vatungamirire Chechi. Zvekuti, havakwanise kuzviwisira pachavo zvizere muruoko rwaMwari, kuti vave vemweya, kuti vatungamirirwe neMweya Mutsvene. Vanoda kuti mumwe munhu kuti avaitire chitendero chavo, mumwe munhu anovaudza maitirwo azvo chaiwo, uye nezvese pamusoro pazvo.

⁵² Saka murume uyu airatidzika sekuenderana nechinzvimbo chacho chaizvo, nekuti aive murume akachenjera kwazvo.

⁵³ Uye zvakananyanya zvakananyanya nanhasi. Tinoda kusarudza vanhu vakadaro, zvakare, kutonga machechi edu, kutonga Chechi yaMwari. Hapana chandinofanira kutaura ndichipesana nazvo, asi kungotaurawo hangu chimwe chinhu, kuti: hakusi, kwaive kusiri, uye hakuzombofa kwakava kuda kwaMwari, kuti zvive zvakanadaro. Mwari ndivo vanotonga vanhu vaVo, kutonga munhu wega-wega.

54 Ipapo tinoona kuti mwanakomana uyu waKishi, murume mukuru, ne—nechimiwo chake, neake... Akaita seanokodzera kuvanhu, kuti nguwo yake paari yairatidzika kuva yakanakisa. Uye korona pamusoro wake, iri kumusoro-soro kupfuura vamwe vanhu vese, paaifamba, aizove chinhu chinokosha cha—chaicho kuhumambo hweIsraeri. Nekuti, mamwe madzimambo aizenge, emamwe marudzi, aizofunga, “Tarisai murume akadini!” Kuti vaigona sei kunongedza munwe wavo voti, “Tarisai pano, ndimambo mukuru akadini watakawana! Tarisai kuti murume mukuru akadini ari pamusoro pedu!”

55 Zvino zvinosuwisa kutaura, asi ichokwadi zvakadini nhasi nechechi, vanoda kutaura kuti, “Mufundisi wedu haasi murume ane pfungwa shoma. Murume mukuru. Vakapedza dzidzo kubva kuHartford,” kana chimwe chikoro chikuru chebhaibheri. “Vane madhigirii mana kubva munzvimbo *yakati-ikati*. Uye anozvisanganisa zvakanaka kwazvo pakati pevanhu.” Zvese izvozvo zvingave zvakanaka, uye zvine nzvimbo yazvo. Asi nzira yaMwari yeChechi yaVo ndeyekutungamirirwa neMweya Mutsvene, uye neMweya waVo.

56 Asi vanofarira kutaura kuti, “Tine sangano guru iri ratinopinda. Takatanga kumashure mumazuva ekare evakatanga kurivamba, patakanga tiri vashoma, tingori vanhu vashoma-shoma kwazvo, uye riri diki. Uye zvino takura kusvika panzvimbo pokuti tave vevamwe masangano makurusa aripo. Tine zvikoro zvakanakisa, uye vashumiri vakadzidza kwazvo. Tine vanhu vanopfeka zvakananyisa kunaka. Uye vanhu vane njere dzakatesva vemuguta vanopinda sangano redu. Uye tinopa rubatsiro. Uye tinoita mabasa akanaka, uye nezvimwe zvose zvakadaro.” Uye hapana zvachose, Mwari vasatendera, kuti nditaurire izwi rimwe chete ndichipikisana nazvo, nekuti zvose izvozvo zvakanaka.

57 Asi, zvakadaro, hakusi kuda kwaMwari kuti munhu atonge mumwe munhu. Mwari vakatuma, paZuva rePentekosti, Mweya Mutsvene kutonga mumoyo yevanhu, uye nekutonga muhupenyu hwake. Zvaive zvisina kuitirwa kuti munhu atonge mumwe munhu.

58 Asi tinoda kutaura izvozvo. Chinhu chikurusa patinogona kutaura kuti tiri vesangano rakakura kudai.

59 “Uri Mukristu here?” Ndiwo mawaniri andakaita chidzidzo ichi, pandakanga ndiri kuchipatara. Zvino ndaibvunza mumwe, “Uri Mukristu here?”

“Ndiri wekune *rakati-rikati*.”

“Uri Mukristu here?”

“Ndiri wekune *rakati-rikati*.”

60 Zvino mukoti mudiki akauya kurutivi rwemubhedha, pandainge ndichiverenga Bhaibheri, uye aive mukoti mu—

mutsva panzvimbo ipapo. Uye akati, “Makadini.” Akati, “Ndinotenda kuti ndimi Mufundisi Branham, vari pano kuongororwa muviri.”

Ndikati, “Ndini.”

61 Zvino akati, “Ndingakwizawo musana wenyu here, kukuitai kuti munzwe zviri nani nemushonga?”

Uye ndikati, “Unogona hako kuzviita.”

62 Zvino paakanga achikwiza kumusana kwangu, akati, “Muri vesangano rechechi ipi?”

63 Zvino ndakati, “Oo, ndiri wesangano rekaresa rakambovapo.”

Uye akati, “Isangano ripi iroro?”

64 Ndikati, “Ndeiro rakarongwa nyika isati yarongwa.”

65 Uye, “Oo,” akati, “chii? Handitende kuti ndinoziva izvozvo.” Akati, “Ndiri *weimwe* chechi. Isangano iroro here?”

66 Ndakati, “Kwete, mudzimai. Aingova mazana maviri emakore apfuura, esangano iroro. Asi sangano iri rakatanga pakaimba nyeredzi dzemangwanani pamwe chete, uye vanakomana vaMwari vakadanidzira nemufaro, pavakaona kuuya kweMuponesi kuzodzikinura rudzi rwevanhu.”

67 Zvino akabva angomira kukwiza musana wangu. Zvino ndakanga ndakati kombamei zvishoma, nenzira *iyi*, kuti mudzimai wacho akwanise kukwiza. Uye aibva pedyo neCorydon, zasi kuno. Takatanga kutaura. Zvino akati, “Changamire, ndakagara ndichitenda kuti kana Mwari vakambove Mwari, Vachiri Mwari, nhasi, sezvaVaive mumazuva ekare.” Akati, “Kunyangwe chechi yangu ichizviramba zvachose, asi ndinotenda kuti izvozvo iChokwadi.”

68 Zvino ndakati, “Hausi kure neHumambo hwaMwari, chimhandara.”

Akati, “Kana Vakambove mupodzi, haVasi here mupodzi nazvino?”

Ndakati, “Ivo zvemazvirokwazvo vari, hanzvadzi yangu.”

69 Asi munhu anoda kutonga, nekutonga mumwe munhu. Uye munhu anoda kuti munhu amutonge. Haadi kuti Mwari vatonge.

70 Saka mwanakomana waKishi uyu, Sauro, riri iro zita rake, aingova mhinduro kune zvavakange vada, murume mukuru ane chiremerera. Uye. . . Oo, aigona kungovatungamira kuhondo dzavo, nezvimwe zvakadaro. Asi, zvakadaro, yakanga isiri nzira yaMwari yekuita zvinhu. Mwari vaida muporofita vaVo mutana akatendeka kuti avatungamirire, uye ataure Mashoko aVo kwavari.

71 Zvino, nhasi, muzera redu guru rechechi ratiri kurarama mariri, isu, ndinofunga, uye nekutenda izvi nemoyo wangu wose,

kuti takaenda zvinopesana chaizvo neizvo Mwari vakatitemera kuti tiite. Mashoko ekupedzisira eMuponesi wedu aive muna Marko 16. Akati:

Endai munyika yose, muparidzire zvisikwa zvole evhangeri.

Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa; . . . uyo asingatendi achatongwa.

Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; Nezita rangu vachadzinga madhimoni; vachataura nendimi itsva;

Uye kana vakabata nyoka; kana . . . kunwa . . . zvinhu zvinouraya, zvaisazovakuvadza; uye kana ivo . . . vachaisa maoko avo pamusoro pavarwere, . . . vachapora.

⁷² Hakuna munhu, hakuna mwanakomana waKishi, kana mumwewo zvakare, anogona kuburitsa izvozvo kunze kwehutungamiri hweMweya Mutsvene. Asi takaita zvikoro, takaita maseminari, uye takaita masangano, ku—kugutsa, uye nekutaridzika senyika yose.

⁷³ Zvino, Mweya Mutsvene waimbova Mutungamiri munyika ino. Nyika ino yaisimbotongwa apo kumashure mune . . . pavakanyora chiziviso cherusununguko. Zvino pakanga paine chimwezve chigaro chakagara ipapo. Hapana kana kadonhwe kekupokana mupfungwa dzangu asi kuti Mwanakomana waMwari akagara patafura iyoyo, nyika ino payakavambwa pahwaro hwerusununguko rwekunamata uye nerusununguko kune vose, uye nepahwaro hweShoko raMwari remuna Ziendanakuenda.

⁷⁴ Asi takasvibisa izvozvo. Zvematongerwo enyika; takavhotera varume imomo, pasi pekutenga nekutengesa, nevimbiso dzenhema. Kusvikira . . . Nyika yedu, nezvematongerwo enyika zvedu, negutsaruzhinji rvedu, zvawora kwazvo kusvikira zva—zvavhengana necommunism nemhando dzose dzezvitevedzwa.

⁷⁵ Uye nguva zhinji tinodana mumisangano kuve nemunamato, apo mubatanidzwa wedzinyika ukasangana, uye ipapo . . . kana kuita hurukuro. Uye mune imwe nguva, huru, nguva pfupi yadarika, pakanga pasina kana nenguva imwe chete yakadanirwa munamato. Tichazogadzirisira sei kupesana pasina munamato? Ko tingatarisira sei, mune pasi rose, kuita chero chinhu pasina hutungamiri hweMweya Mutsvene?

⁷⁶ Asi regai nditaure izvi nerudo uye nekuremekedza kunyika yedu uye nekumureza wayo, uye nekunyika wawakamirira: Takaramba Mutungamiri wedu, Mweya Mutsvene, uye kuburikidza nematongerwo enyika ane huori takaunza varume vane pfungwa dzakatsauka. Uye kana mukasatarisa, vari

kuzoita imwe yemhosho dzine rufu dzavati vakamboita, izvozvi, nemhaka yekuti vanhu vari kuda kuti vanhu vatonge.

⁷⁷ Zvatinoda muguta guru reUnited States ino, semutungamiri wenyika, izvo zvatinoda muParamende, izvo zvatinoda mudzimba dzedu dzekutonga, varume vakatsaurira hupenyu hwavo kuna Mwari, uye vakazadzwa neMweya Mutsvene, uye vanotungamirirwa nekutungamira kwaVo Mwari. Asi, pachinzvimbo cheizvozvo, tinosarudza varume vane njere, varume vane “zvimiro zvehumwari, asi vachiramba simba raMwari,” varume vasingatendi kuti kuna Mwari, uye dzimwe nguva vachitopfuura kuve saizvozvo, vatakaunza muzviyero zvedu zveinatongerwo enyika, zvenyika yedu.

⁷⁸ Kwete izvozvo chete, asi mumachechi edu. Machechi edu aora nekuda kwekuti isu, mukusarudza vafudzi vedu kuti vatitungamire, takaenda kumaseminari uye tikasarudza hofori huru panjere, varume vakatesva kwazvo mupfungwa, varume vane dzidzo, uye vachizvisanganisa kwazvo pakati pevanhu, uye vari varume vakuru munharaunda, izvo zvandisina chandingataura ndichipikisa. Varume vane moyo une mutsa munzira dzemafambiro avo, vanochenjerera munzira dzavo dzehupenyu, uye nemazvibatiro avo avanoita pakati pevamwe varume, uye nepakati pevanhu, varume vakuru pamabasa avo, izvo zvandisingataure zvakaipa nezvawo. Mwari vasatendera kuti mweya wangu ungambove wakashata kudaro. Asi, zvakanaka, hazvisi izvo Mwari vakatisarudzira.

⁷⁹ Hutungamiri hweMweya Mutsvene: Kristu mumoyo wevanhu. Vazhinji vevarume ivavo vananyanjere vanomira papurupiti yedu vanoramba huvepo chaihwo hweMweya Mutsvene. Vazhinji vavo vanoramba huvepo hwekupodza kwaMwari neSimba reMweya.

⁸⁰ Ndaiverenga chimwe chinyorwa, nezuro, ndinotenda kuti dzaive, nhevedzano dzezvinyorwa zvakachekwa mupepanhau kubva kuna Jack Coe, mushakabvu Jack Coe, uyo . . . mumwe wevandakatendeutsa kuna Ishe Jesu, aive murume wehumhare mukuru, muzuva rake. Uye akadaidzwa kunobvunzwa, zasi kuFlorida, nekuda kwekukumbira mwana mudiki kuti abvise masimbi epamakumbo kubva pamakumbo ake, uye agofamba achidarika nepapuratifomu. Zvino pakuita izvozvo, mwana akafamba nepapuratifomu, zvakanaka, ndokudonha paakasvika kuna amai vake. Zvose uri muteyo wemuvengi waKristu, mudzimai uyu wechidiki nemurume wake vakaunza hama yedu mhare kumatare enyika.

⁸¹ Zvino apo chechi imwe neimwe yaifanira kunge yakamira naHama Jack, apo munhu wese wemuchechi anoreva Zita raJesu Kristu aifanira kunge akamira padivi rake, nehushingi, munhu wese anodana pazita raIshe Jesu aifanira kunge akapfugama nemabvi avo mumunamato, asi, pachinzvimbo cheizvozvo,

pamisoro yenhau yemumapepanhau, rimwe remasangano edu makuru rakati rakabatana maoko nevasingatendi kuti kuna Mwari, kupa mhosva, nekuisa mujeri Hama Jack Coe. Ungafungidzire here kuti chechi, inozvidaidza Zita raKristu, ingabatana maoko neasingatendi kuti kuna Mwari, kupa mhosva munhu ane humwari aiedza nemoyo wake wese kumiririra Bhaibheri? Asi vakazviita.

Zvino ipapo Hama Gordon Lindsay ndivo vaivepo pakununura.

⁸² Zvino mutongi asingatendi paakati, “Murume uyu munyengeri nekuti akabvisa masimbi kubva pamwana uyo ndokumurega achifamba ega papuratifomu, uye akati aive ‘apodzwa.’ Zvino akanyepa, uye akaita chimwe chinhu chinopesana nerairo dzachiremba, naizvozvo ane mhosva yekunyengedza yaari kupomerwa.”

⁸³ Zvino VaCoe vakasimuka, ndokuti, “Changamire, ndinopikisa chirevo ichocho. Mwari vakapodza mukomana.”

⁸⁴ Zvino mutongi akati, “Ndichabvunza chero munhu ari mudare rino kana chirevo ichocho chichigona kuva chokwadi, chekuti Mwari vakagona kupodza mukomana uyo kune rimwe divi repuratifomu, uye ndokumurega kuti arware kune rimwe divi. Kana chirevo ichocho chikakwanisa kuratidzwa neBhaibheri, ipapo ndinoti VaCoe vane kodzero yechirevo chavo.”

⁸⁵ Zvino mumwe mushumiri akasimudza ruoko rwake, uye akati, “Vanoremekedzwa, changamire, ndingazvitaure here?”

Zvino mutongi akati, “Taura hako.”

⁸⁶ Zvino mushumiri akamira netsoka dzake, akati, “Humwe husiku, pagungwa raive nemasaisai, apo chikepe chidiki chakange chave kuda kunyura, tariro dzose dzekuponeswa dzakange dzapera. Vakaona Jesu, Mwanakomana waMwari, achiuya achifamba nepamusoro pemvura. Zvino mumwe wevaapostora, ainzi Petro, akati, ‘Kana muri Imi, Ishe, ndirairei ndiuye kwaMuri nepamusoro pemvura.’” Zvino akati, “Ishe vakati kumuapostora Petro, ‘Huya.’ Zvino akabuda kunze kwechikepe, changamire, achifamba zvakangonaka sezvaitawo Jesu, achifamba nepamusoro pemvura. Asi paakatya, akatanga kunyura asati asvika kuna Jesu.”

Mutongi akati, “Nyaya yacho yapera.”

Tinoda hutungamiri hweMweya Mutsvene, kwete varume vane njere dzakatesva.

⁸⁷ Sauro, mwanakomana waKishi, akazobva aitwa mutungamiri wevanhu, zvino akatora varume zviuru zviviri, zvino Jonatani ndokutora chiuru. Zvino Jonatani akaenda kwaive neboka revarwi akanouraya boka revaAmoni, vaAmoni, waro. Uye paaka—paakange avauraya, Sauro akaridza

hwamanda, akati, “Munoonaka zvaitwa naSauro.” Akatanga kuzvitutumadza.

⁸⁸ Munguva iyoyo apo munhu anosvika pakuve mumwe Chiremba weBhaibheri mukuru, kana kuwana chimwe chinhu chidiki kuseri kwezita rake, anova, potse-potse, muziva-zvose.

⁸⁹ Vanhurume vaMwari varume vakaninipa. Vanhu vaMwari vanhu vakaninipa. Ukaona mumwe munhu anoti akagamuchira Mweya Mutsvene, otanga kuzvipatsanura, tingati, asina Kutenda kwacho, achifamba kwese-kwese, achiedza kuva chimwe chinhu chaasiri, chingorangarira, haana kugamuchira Ishe Jesu.

⁹⁰ Tinobva taona kuti muvengi akapinda. Uye akanga ari kuzopinda muboka diki revanhu vaMwari, uye aive ari kuzodzura ziso rekurudyi remurume wese.

⁹¹ Ndizvo zvinogara zvichiedza kuitwa nemuvengi, kudzura maziso ese, kana achigona, kuitira kuti vanhu vasaone zvavari kuita. Ndizvo zvinoedza kuitwa naSatani nhasi kuMukristu wese, kudzura kuona kwake kwepamweya, kuti agone chete kutevera pfungwa yehuchenjeri hwezvinhu, uye kwete pfungwa yeMweya Mutsvene uchimutungamirira.

⁹² Saka ipapo pavakaita izvozvo, kukundwa kukuru pakwakauya, ndokubva Sauro atema-tema nzombe mbiri huru ndokudzitumira kuvanhu vese. Uye ndinoshuvira kuti dai maicherechedza pano, apo Sauro paakatumba zvidimbu zvenzombe kune Israeri yese, ndokuti, “Regai murume wese asingatevere Samueri naSauro, ngaave, nzombe iyi, ave *seiyi*.” Munoono here kunyengerwa kwacho achiedza kuzvibanidza nemunhu waMwari? Kuti—kuti zvaisava chikristu zvakadini! Kutya kwevanhu kwaiva nekuda kwaSamueri. Asi Sauro akaita kuti vese vamutevere nekuti vanhu vaitya Samueri. “Ngavauye vachitevera Samueri naSauro.”

⁹³ Uye kangani, nhasi, patakazvinzwa! “Tiri Chechi huru. Tiri Chechi yaKristu. Tiri Chechi yaMwari. Tiri vana—vana *nhingi-nhingi*.” Zvinoita kuti vanhu vave nekutya, uye vafunge kuti ipapo ndipo chaipo pari kushanda Mwari. Uye havadi hutungamiri hweMweya Mutsvene. Vanotosva havo vatevera varume vakadaro, nekuti vanofarira kurarama hupenyu hwavo pachavo. Vanoda kutenda zvavanoda kutenda.

⁹⁴ Munoono here? Mweya Mutsvene ndiwo Mutongi wedu. Mwari havana kumbobvira vakatipa papa, kana mubhishopi, kana chero munhu, kuti ave Mutongi. Mweya Mutsvene, Munhu waMwari, ari muchimiro cheMweya Mutsvene, ndiwo Mutongi wedu neMutungamiri wedu. Zvino, sei vakadaro?

⁹⁵ Ndapota muregererewo chirevo chino chisina ruremekedzo, uye chisina ruremekedzo zvakananyisa. Handireve kuti chive chakaipa. Ndinochitaura kubva murudo.

⁹⁶ Asi Mweya Mutsvene unoti hazvina kunaka kuti madzimai edu vadimbure vhudzi ravo. Uye hazvina kunaka kuti madzimai edu apfeke zvikabudura zvidiki nemidhebhe, uye kugadzira miromo yavo nekumeso nependi. Mweya Mutsvene unoti hazvina kunaka.

⁹⁷ Asi tinoda kuti vanhu vatitaurire kuti zvakanaka, “Chero chete tichitevera ini naSamueri.” Vanoda kurarama mumazuva matanhatu, nechero nzira yavanoda, voenda kucheche musi weSvondo mangwanani. Uye mudzidzi nyanjere akanaka akapedza kudzidza pakoreji ane madhigirii mazhinji anogona kutaura kwavari kamharidzo kadiki kanozo. . . nyambo shoma makari, dzinozofadza nzeve dzavo uye zvovaita kuti vavaraidzwe, serimwe bhaisikopo kana chirongwa chepaterevhizheni. Oita kamunamato kadiki kwavari, ovatumira kumba neyakaita sechengetedzo yeku—kuzvigutsa yekuti vaita chinamato chavo. Hakusi kuda kweMweya Mutsvene.

⁹⁸ Mweya Mutsvene unoda kuti iwe urarama zvine humwari, mazuva ese muvhiki, uye nehusiku hwega-hwega, uchizvipatsanura kubva kuzvinhu zvemunyika.

⁹⁹ Asi chechi haidi izvozvo. Vanoda mumwe murume anogona—anogona kududzira Bhaibheri nenzira yavanoda kuRinzwa. Havamboteereri kuIzwi reMweya Mutsvene richitaura kuburikidza neBhaibheri. Vazhinji vavo vanoda kuti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.” Ndizvo zvinofadza vanhu. Vanoda kuti, “Hakuna rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.” Vanhu havadi kuita maitiro akasiyana nemaitiro unoitwa nenyika yese. Havadi kupinda mumugwagwa uye vonge vakaita kuti kumeso kwavo kunge kwakagezwa, uye—uye nevarume vaine zviso zvachena, uye vasina midzanga yefodya mumiro yavo, ne—nendudu, nezvikwepa, ne—nezvinhu zvinoitwa nevarume. Uye vakadzi vanoda kuti bvudzi ravo richekwe kuita pfupi chaizvo, uye—uye vakapfeka tumadhirezi tudiki, uye nekuratidza zvimiro zvavo, nezvinhu zvavanoda. Va—vanoda varume vanovaudza kuti, “Zvakanaka.”

¹⁰⁰ Zvino, humwe husiku, pakauya mumwe murume kuzondiudza, nokuda kwekuti ndakanga ndaparidza ndichipesana nezvakadaro, kuti sangano guru, anenge mashanu awo, vakati, “Tichasiya Hama Branham uye tosava nechimwezve chekuzoitwa navo. Zvichareva kuti muchadzosa matepi iwayo zvakare, uye mokumbira ruregerero nokuda kwawo, kana kuti isu tichakusiyai.”

¹⁰¹ Ndakati, “Ndichamira neShoko raMwari. Kana zvikanditorera zvese zviri muhupenyu hwangu, ndichagara neShoko. Uye ini. . .”

Vakati, “Zvakanaka, haufanire here kudzora zvakare tepi *yakati-yakati?*”

¹⁰² Ndikati, “Handisati ndamboparidza chero chinhu, muhupenyu hwangu, chandakanyara nacho. Handidzosi zvakare matepi kana marekodhi. Ndinogara nezvinotaurwa neMweya Mutsvene. Zvandinorarama nazvo uye nekufa nazvo.” Kwete kuedza kutaura nezvangu zvino. Asi ndiri kungoedza kukupai mufananidzo wezviri kuitika, kuitira kuti muone uye munzwisise. Ndevanhu vanoda kutungamirirwa nevanhu.

¹⁰³ Vakanga vasingadi Samueri. Ipapo vasati vazodza Samueri kuve mambo...kana kuti Sauro, mambo, ndiregerereiwu, Samueri akauya kwavari zvakare. Zvino ndichataura nematauriro seayo aazozvitaure nhasi. Munogona kuzviverenga. Akati, “Chii chiri kunetsa kuti Mwari vave Mambo wenyu?”

“Handiti, isu hationi Mwari.”

¹⁰⁴ “Handiti, ndiri mumiririri waVo,” Samueri akati, “pane pandakambokuudzai here chimwe chinhu chisicho? Ndakamboporofita here chero chinhu chisina kuitika sekutaura kwandaita kuti chichaitika? Handina kukuudzai here Shoko raShe? Uye ndichakubvunzai izvi: Ndakambouya kwamuri here ndikakumbira chero hayo yemari yenyu? Ndakambotora here chero chimwe chinhu kubva kwamuri? Ndakambokuunzirai here chero chinhu kunze kweZVANZI NAJEHOVHA yakananga? Uye Mwari vakazvisimbisa, nguva dzese, kuti chaive Chokwadi.” Uye Vakatumira dutu guru nemvura inonaya (Munoziva Rugwaro rwacho, imi, ipapo chaipo.) kuratidza kuti Samueri aive muromo waMwari.

¹⁰⁵ Uye sezvo Samueri akanyatsomiririra: Nhasi, Mweya Mutsvene—Mweya Mutsvene ndiwo muromo waMwari: unotaura chaizvoizvo zvinotaurwa neBhaibheri; unotenda zvacho zvakataurwa neBhaibheri, uye usingazotsauke kubva kwaRiri, nepadiki zvapo.

¹⁰⁶ Asi vaida mumwe munhu aigona kuvaudza zvakasiyana. Zvino vanhu havaigona kutaura kuti chiporofita chaSamueri chakanga chisina kukwana. Vakapindura vakati, “Samueri, zvese zvawakataura muZita raShe, Ishe vakaita kuti zviitike sekungozvitaure kwawakaita. Hapana kana mhosho imwe. Hauna kumbobvira wakauya kwatiri ukatikumbirira mari yedu. Wakazviraramisa wega. Hauna kumbobvira wakatikumbira kukuitira chero chinhu chikuru, chinoshamisa. Wakavimba muna Mwari wako, uye Akakununura kubva kuzvinhu zvese. Uye mashoko ako ndeeshokwadi. Zvese zvawakataura muZita raShe zvakava sezvawakangotaura. Asi zvakadaro tinoda mambo.”

¹⁰⁷ Munoono here kunyonganisa kwacho? Mu—munokwanisa here kuona hu—hunyengeti hwadhiyabhore, hunogona kushanda pamunhu? Panzvimbo yekuti murume kana mudzimai azvipire kuMweya Mutsvene, nekuteerera kune zviri ZVANZI

NAJEHOVHA, kuitira hupenyu hwakachena, hunhu husina kusvibiswa, kuitira hupenyu hwakasiyana, vanhu vakasiyana, rudzi rwutsvene, vanhu vanoita zvisinganzwisike; vangatoda kufambidzana nenyika, voita senyika, voenda kune imwe chechi inoti, “Zvakanaka, ingoita sekudaro uye wopfuurira mberi.”

¹⁰⁸ Muri kuona here zvazviri? Vanoti, “Hakuna chinhu chakadaro chinonzi kupodzwa. Oo, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwaive icho chakangomisa chechi.” Nemamwe mashoko, ipapo Mwari vakatora varume, vakatora Mweya Mutsvene kubva muchechi, ndokurega sangano richiivaka. Kwete, kwete. Hakuna chinhu chakadaro. Mweya Mutsvene, Shoko reZvokwadi, raifanira kukutungamirira kusvikira Jesu auya. Asi ndiyo nzira yazva—zvakaenda.

¹⁰⁹ Sauro akatanga kutonga. Iye mukuru...Akawana kuteverwa kukuru. Oo, aive nezvombo zvakanaka. Aive nevaimbi. Akanga aine nhoo, uye aiva nemapfumo. Oo, aive akapfuura mamwe marudzi ose. Uye akavapinza mugutsaruzhinji rakange rakapfuura chero chinhu icho chakambonzwikwa nemunhu upi zvake.

¹¹⁰ Uye ndizvo chaizvo zvakaitwa nemasangano nemachechi edu nhasi. Tine zvivakwa zvemachechi zvikurusa pasi rose. Tine vanhu vanopfeka zvakanakisa pasi rose. Tine dzidzo dzepamusoro-soro dzingaunzwe.

¹¹¹ Sevarume vaSauro vakadzidziswa vaigona kutora pfumo iroro, uye vaigona kurifambisa nekurishandisa kusvikira marudzi akavatya. Vaive vanhu vakadzidziswa, nezvese. Asi, rimwe zuva, pakauya nguva yekuti pakave nemupikisi akabuda. Uye zvikavhundutsa hondo yose yevaIsraeri kusvikira vakamira, vachidedera vari mushangu dzavo. Goriyati akavapikisa, “Kana Mwari wenyu ari izvo zvamunoti ndizvo zvaAri! Ndimi makanyatsodzidziswa zvepamusoro.” Uye akavapikisa. Havana kuziva zvekuita. Nhumbi dzavo dzekurwa nadzo dzakanaka, dzakakwenenzverwa dzaisashanda. Mapfumo avo aisashanda. Paive nechimwe chinhu chavaive vasati vanzwa nezvacho, kumashure, chaitika.

¹¹² Uye neruremekedzo rwe nerukudzo rwune humwari, nerukudzo neruremekedzo, nerudo nekuyanana kweChikristu, ndinotaura izvi: Ndakaverenga, rimwe zuva, mubepa rekuAfrica, uko kwekuti mwanakomana wedu waKishi, mupikisi wedu anomiririra kuvhangeri, paakapikiswa nemuMohamedhi, Billy Graham. Akati, “Kana Mwari wako ari Mwari, ngaApodze vanorwara sezvaAkareva kuti Aizoita.” Zvino mwanakomana waKishi, pamwe nehondo yose, vakazvinyaridza ndokubuda munyika, vakundwa. Zvinonyadzisa. Mwari wedu ndiMwari.

¹¹³ Tine machechi edu akanaka. Tine kuvhangeri kwedu kwakanaka. Tine vaimbi vedu vanobhadharwa. Tine

makwaya akanakisa, zvirusi zvakakwiririsa munyika. Tine varume vakanakisisa, imwe yemari yakawandisisa. Tine vananyanjere. Tine dzidziso yebhaibheri yakarongeka; tinogona kuiparidza; tinogona kuitaura. Tinogona kuvhangera nekuunza vanhu mukati, uye nekuita mamiriyoni gore rega-rega, revanotendeuka, vachipinda muchechi. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Vaimbi vedu vanobhadharwa, vhangeri redu renjere, havazive kusangana nekupikisa kwakadai. Havana chavanoziva nezvazvo. Havana chavanoziva nezve simba raVo rekupodza, zverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zvesimba rinokwanisa kutora munhu angosara ari mumvuri ari kufa nekenza, romusunungura. Havana chavanoziva nezvazvo. Havana kumbodzidziswa mumunda wekuvhangera, sezvaiva Sauro neboka rake rakagadzirwa-nevanhu.

114 Asi regai nditi kuvanhu vaMwari, nekwaumuri vana, kuti muzive kuti Mwari haambokusiyei musina chapupu.

115 Asingazive, kuna Sauro, Sauro haana chaaiziva nezvazvo. Asi Mwari vaive naDhavhidhi mudiki uko seri kwechikomo pane imwe nzvimbo, akange asiri kupa makwai chikafu chemasora echinamoto. Akange achiatungamirira padivi remvura dzakanyarara uye mumafuro manyoro. Aiva nehanyin'a nemakwai ababa vake. Uye kana chimwe chinhu chikamhanyira mukati, muvengi, kuti abate rimwe remakwai ababa vake, aiziva simba raMwari rekudzikinura hwai iyo.

116 Mwari vachiri naDhavhidhi, pane imwe nzvimbo, anoziva zvazvinoreva kununura imwe yehwai dzaMwari, nesimba raMwari. Achiri kuziva zvese nezvazvo.

117 Akanga avimba. Hapana chaaiziva nezve nhumbi dzokurwa nadzo dzaSauro, kana iyewo aisada chero imwe yadzo. Akanga asingadi chero rimwe remasangano avo. Akanga asingadi nhumbi dzokurwa nadzo dzekare paari. Akati, “Handina chandinoziva nezvazvo. Asi regai ndiende musimba randinoziva.” Akange apa chikafu kumakwai ababa vake. Akanga achengeta mafuro. Akanga adzipa mhando chaiyo yechikafu, uye dzakararama uye dzikagwinya.

118 “Munhu haangararame nechingwa chete. Asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda kubva mumuromo waMwari, munhu achararama.” Mufudzi wechokwadi anodzipa zvekudya. “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Zvino kana muvengi akabvuta imwe, muhurwere, anoziva simba raMwari.

119 Tarisai Dhavhidhi mudiki, akamira ipapo. Akati, “Muchinda uyo murwi, kubva pakuzvarwa kwake. Uye kubva pahujaya hwake, haana chimwe chinhu chaakaziva kunze kwepfumo nenhumbi dzokurwa nadzo. Akanyatsodzidziswa. Mudzidzi webhaibheri. Uye iwe hapana chaunoziva nezvazvo.”

¹²⁰ Akati, “Ichokwadi, changamire. Hapana chandinoziva nezve dzidziso yake yebhaibheri. Asi pane chinhu chimwe chete chandinoziva, kuti, apo muvengi paakauya, kuzotora rimwe remakwai ababa vangu, Ndakaenda nesimba raMwari. Ndakarinnunura. Ndakaridzosa rakachengeteka kuhutano hwakanaka zvakare. Ndakaridzosa kumafuro ane bvute manyoro nemvura dzakadzikama. Uye Mwari vakaisa shumba mumaoko angu, ndikaiuraya payakatora rimwe rema—makwayana, uye Vakandiita kuti ndiuraye chitsere, saka Mwari veKudenga vachaenda neni kunouraya muFirstia uyu asina kudzingiswa.”

Tinoda hutungamiri hweMweya Mutsvene. Handizivi mazuva angu; hapana anoziva.

¹²¹ Mamwe mangwanani ndaive ndakarara pamubhedha wangu. Uye ndaive . . . ndainge ndamborara, zvino ndakarota kuti Joseph airwara, zvino ndakanga ndamutakura kuti ndimunamatire. Zvino pandakamuka, ndakanga ndakanganisika zvakanyanya. Ndakati, “Saka, pamwe Joseph acharwara.”

¹²² Zvino ndakatarisa, paifamba pamberi pangu, mumumvuri mudiki, wakasviba, ungaita weruvara rwebhurauni. Uye waiita sekunge aive ini. Zvino ndakautarisa. Uye uyo aiuya kumashure kwawo aive Mumwe munhu muchena, zvino aiva iYe. Ndakatarisa kumudzimai wangu, kuti ndione kana aive akamuka, kuti ndimuratidze, kana aigona kuona chiratidzo. Asi aive akarara.

¹²³ Ndakati, “Oo, ndine hurombo, Ishe. Asi, ndihwo hwaive hupenyu hwangu. Maitofanira kundisunda kune zvese zvandakaita. Nguva dzose paiitika chero chinhu hacho, ndaifunga kuti aive ari iMi muri kuzviita. Zvino ndinoona kuti aive Satani aiedza kundibvisa pazviri.” Ndikati, “Dai Makwanisa bedzi kunditungamirira.” Uye pandakatarisa, ndakaona huso hwakanakisisa hwandati ndamboona pamurume. Aive pamberi pangu, akatarisa kumashure. Akasimudza ruoko rwaKe ndokubata rwangu, ndokutanga kufamba nenzira *iyi*. Chiratidzo chakandisiya. Svondo yapfuura mangwanani, ndakanga, ndakurumidza kumuka. Wakanga uri Mugovera, chiratidzo ichi. Ne . . .

¹²⁴ Ndakagara ndichinetsika, ndaigara ndichifunga nezvekufa. Izvo, ini zvandave nemakumi mashanu, iyo, nguva yangu haizi . . . handina kufunga kuti yaive yakarebesa kwazvo. Zvino ndakanetsika kuti ndaizova ndakaita sei mutiyofani iyoyo, mutumbi wekudenga. “Zvingave here kuti ndaizoono shamwari dzangu dzinokosha uye, tongoti, kamwe kamhute kadiki kachena kachipfuura, zvino ndoti, ‘Havo Hama Neville vachienda,’ kana kuti, vaisakwanisa kuti, ‘Mhoroi, Hama

Branham"? Zvino Jesu paanouya, ipapo ndichazove munhu zvakare." Ndaiwanzofunga izvozvo.

¹²⁵ Ndakanga ndichirota kuti ndanga ndiri kunze kuMadokero. Zvino ndichiuya ndichidzika zasi nemunzvimbo yebundo reuswa, zvino mudzimai wangu aiva neni, uye takange tambenge tichiredza hove yemuraraungu. Zvino ndakamira uye—uye ndikavhura suwo. Zvino matenga aive akanaka kwazvo. Haana kutaridzika sezvaanoita pamusoro pemupata kuno. Aive ebhuruu, nemakore machena akanaka. Zvino ndakati kumudzimai wangu, ndakati, "Taifanira kunge takambove kunze kuno, kare-kare, mudiwa." Akati, "Nekuda kwevana, tingadai takadaro, Billy." Ndikati, "Ndizvo. . ." Zvino ndakapepuka.

¹²⁶ Ndakafunga, "Ndiri kurota zvakanyanya! Hameno kuti sei." Zvino ndakatarisa pasi, akanga akarara pedyo neni.

¹²⁷ Zvino ndakasimudza mutsago wangu, sevazhinji venyu vanhu makazviitawo, ndokuisa musoro wangu pahe—hedhibhodhi yemubhedha, ndokuisa maoko angu kumashure kwangu. Zvino ndakanga ndakarara ipapo *seizvi*. Zvino ndikati, "Saka, handingozivi kuti zvichava zvakadii, rimwe divi. Ndatova nemakumi mashanu, uye handisati ndaita chinhu nazvino. Dai ndaigona kungoita chimwe chinhu kubatsira Ishe, nekuti ndinoziva kuti handizove munhu anofa. Hafu yenguva yangu yapera, sokudaro, kana kudarika hafu. Kana ndikararama kuva mukweguru sevanhu vekwangu, kunyangwe hazvo hafu yenguva yangu yapera." Zvino ndakatarisa-tarisa. Uye ndakanga ndakarara ipapo, ndichigadzirira kumuka. Dzakange dzave kusvika seven o'clock. Ndakati, "Ndinofunga kuti ndichadzika zasi kuchechi, mangwanani ano. Kana ndakashoshoma, ndinoda kunzwa Hama Neville vachiparidza."

¹²⁸ Saka ndakati, "Wakamuka here, mudiwa?" Zvino aive akarara zvakanatsodzama.

¹²⁹ Zvino handidi kuti mupotse izvi. Zvakandishandura. Handikwanise kuva Hama Branham vamwe chete vandaive.

¹³⁰ Zvino ndakatarisa. Uye ndakanzwa Chimwe chinhu, chakaramba chichiti, "Uri kungotanga. Shingairira muhondo. Chingoramba uchishingaira."

¹³¹ Ndakazunguza musoro wangu kwechinguvana. Ndakafunga, "Hameno, pamwe ndiri kungofunga *seizvi*." Munoziva, munhu anogona kuwana dzimwe fungidziro. Zvino ndakati, "Pamwe ndinenge ndangofungidzira izvozvo."

Rakati, "Shingaira muhondo. Ramba uchienda. Ramba uchienda."

¹³² Ndikati, "Pamwe ndazvitauro." Zvino ndakaisa miromo yangu pakati pemazino angu, ndokuisa ruoko rwangu pamuromo wangu.

133 Hapo Rakauya zvakare, ndokuti, “Chingoramba uchishingaira. Dai waiziva chete zvaive kumagumo enzira!”

134 Uye zvaiita sekunge ndainzwa Graham Snelling, kana mumwe munhu, akaimba rwiyo rwuya sekudai (Vanorwuimba pano, Anna Mae nemi imi mose.):

Ndiri kusuwa kumba uye ndakaremerwa, uye
ndinoda kuona Jesu.

Ndinoda kunzwa mabhero aya anotapira
epachiteshi chengarava achirira.

Zvaizojekesa nzira yangu uye
zvaizonyangaditsa kutya kwese.

Ishe, regai nditarire seri kwechidzitiro
chenguva.

Makachinzwa chichiimbwa pano pachechi.

135 Zvino ndakanzwa Chimwe chinhu chichiti, “Ungada here kungoona seri kwechidzitiro?”

Ndakati, “Zvingazondibatsira zvakanyanya.”

136 Zvino ndakatarisa. Muchinguvana, ini... kufema kumwe chete ndakanga ndauya muNzvimbo diki yakarereka. Ndakatarisa kumashure, zvino hapo pandaiva, ndakarara pamubhedha. Zvino ndikati, “Ichi chinhu chinoshamisa.”

137 Zvino, handizodi kuti mudzokorore izvi. Izvi zviri pamberi pechechi yangu, kana kuti makwai angu andiri kufudza. Hamheno kuti zvaive, ndaive mumutumbi uno kana kunze, hamheno kuti kwaive kushandurwa, kwakanga kusina kuita sechiratidzo chero hacho chandakambove nacho. Ndaigona kutarisa Ikoko, uye ndaigona kutarisa pano.

138 Zvino pandakasvika kuNzvimbo diki iyoyo, Handina kumboona vanhu vakawanda kudaro vachiuya vachimhanya, vachidanidzira, “Oo, hama yedu inokosha!”

139 Zvino ndakatarisa. Uye vakadzi vechidiki, kuda vangangove mumazera ekwekutanga kwemakumi maviri, gumi nemasere kusvika makumi maviri, vandinimbundira nemaoko avo, vachidanidzira, “Hama yedu inokosha!”

140 Hepanoi ndokuuya varume vechidiki, mukubwinya kwehujaya. Uye maziso avo achipenya uye achitaridzika senyeredzi pahusiku hwakasviba. Mazino avo akachena separera. Uye vaidanidzira, nekundibata zvakasimba, uye vachidanidzira, “Oo, hama yedu inokosha!”

141 Zvino ndakamira, uye ndikatarisa. Zvino ndakange ndava wechidiki. Ndakatarisa kumashure kumutumbi wangu wakare wakarara ipapo, nemaoko angu ari kumashure kwemusoro wangu. Zvino ndakati, “Handisi kunzwisisa izvi.”

142 Zvino madzimai echidiki aya achindimbundira nemaoko avo. Zvino, ndinoziva kuti ino iungano yakasangana, uye

ndinotaura izvi mukutapira uye nemuhunyoro hweMweya. Varume haugone kuisa ruoko rwako kumbundira vakadzi pasina manzwiro emunhu; asi akanga asiko Ikoko. Kwakanga kusina zuro kana mangwana. Vakanga vasinganeti. Vakanga vari. . . Handina kumboona vakadzi vakanaka kudaro muhupenyu hwangu hwese. Vakanga vaine vhudzi rakadzika zasi kusvika muchiuo chavo, masiketi marefu kusvika kutsoka dzavo. Uye vaingondimbundira. Kwakanga kusiri kumbundira sekunge kunyangwe kwehanzvadzi yangu chaiyo, yakagara apo, paingandimbundira. Vakanga vasiri kunditsvoda, uye ndakanga ndisiri kuvatsvoda. Chaive chimwe chinhu icho ini—ini handinawo ma—mazwi, handina mashoko ekutaura. “Kukwana” hakwaigona kuzvibata. “Runako rwepamusoro-soro” harwaitombokubata, kana. Chaive chimwe chinhu chandisina kumbobvira. . . Unotongofanira kuvaKo.

143 Zvino ndakatarisa neche *uku*, neche *uko*. Zvino vaiuya, muzviuru. Uye ndakati, “Handisi kunzwisisa izvi.” Ndikati, “Saka, ivo. . .”

144 Zvino hepanoi Hope ndokuuya. Ndiye aive mudzimai wangu wekutanga. Akamhanya, uye haana kumboti, “Murume wangu.” Akati, “Hama yangu inokosha,” zvino paakandimbundira, paive nemumwe mudzimai aive akamira ipapo, uyo akange andimbundira, uyezve Hope akabva ambundira mudzimai uyu; uye mumwe nemumwe. Zvino ndakafunga, “Oo, izvi zvinofanirwa kunge zviru chimwe chinhu chakasiyana. Hazvigone kudaro. . . Pane chimwe chinhu. . .” Ndakafunga, “Oo, ndingazomboda here kudzokera kuchitunha chiya chakare zvakare?”

145 Ndakatarisa tarisa-tarisa zvino. Ndakafunga, “Chii ichi?” Uye ndakatarisa, zvakanaka chaizvo. Uye nda—ndakati, “ini—ini handikwanise kunzwisisa izvi.” Asi Hope aiita sekunge, oo, muyenzi anoremekedzwa. Akanga asina kusiyana, asi akangoita semuenzi anoremekedzwa.

146 Zvino ndakanzwa Izwi ipapo rakataura kwandiri, raiva mukamuri, rikati, “Izvi ndizvo zvawakaparidza zvakanga zviru Mweya Mutsvene. Urwu ndirwo Rudo rwakakwana. Uye hapana chinogona kupinda Kuno chisina iRwo.”

147 Ndatonyanya kutsunga moyo, zvakaipfuurira muhupenyu hwangu, kuti zvinitora Rudo rwakakwana, kupinda Ikoko. Kwaive kusina godo. Kwakanga kusina kuneta. Kwakanga kusina rufu. Hurwere hahwaigona, Ikoko. Kufa; hakugoni—hakugoni kumbokuita kuti uchembere. Uye. . . Vakanga vasingakwanisi kuchema. Waingova mufaro mumwe chete.

148 “Oo, hama yangu inokosha!” Zvino vakandisimudza kumusoro, ndokundigadzika panzvimbo huru yakakwirira.

149 Ndakafunga, “Handisi kurota. Ndiri kutarisa kumashure kune mutumbi wangu—wangu wakarara zasi apa pamubhedha.”

¹⁵⁰ Zvino vakandigadzika kumusoro ikoko. Zvino ndikati, “Oo, handifanire kugara kumusoro kuno.”

¹⁵¹ Zvino hepanoi ndokuuya vakadzi nevarume, kubva kumativi ese, vachingori mukubwinya kwavo kwehudiki, vachidanidzira. Zvino mukadzi mumwe aive akamira ipapo, ndokudanidzira, “Oo, hama yangu inokosha! Oo, tinofara kwazvo kukuonai Kuno.”

Ndakati, “Handisi kunzwisisa izvi.”

¹⁵² Zvino Izwi riya raitaura, kubva kumusoro kwangu, rakati, “Unoziva, zvakanyorwa muBhaibheri kuti vaporofita vakaunganidzwa pamwe chete nevanhu vavo.”

Ndikati, “Hongu. Ndinozviringarira muMagwaro.”

Rikati, “Saka, apa ndipo pauchazoungana nevanhu vako.”

Ndikati, “Ipapo ivo vanozove vemazvirokwazvo, uye ndinogona kuvanzwa nokubata.”

“Oo, hongu.”

¹⁵³ Ndakati, “Asi, kune mamiriyoni. Hakuna vekwaBranham vakawanda kudaro.”

¹⁵⁴ Zvino Izwi riya rakati, “Havasi vekwaBranham. Avo ndeavo vako vawakatendeutsa. Ndeavo vawakatungamira kunaShe.” Ndokuti, “Vamwe vemadzimai ipapo, vaunofunga kuti vakanaka kwazvo, vaive vakapfuura makore makumi mapfumbamwe ekuberekwa pawakatungamira kunaShe. Ndosaka vari kudandzira kuti, ‘Hama yedu inokosha!’”

¹⁵⁵ Zvino vakandanidzira, vose pamwe chete, vakati, “Dai musina kunge makaenda, tingadai tisiri Pano.”

Ndakatarisa-tarisa. Ndakafunga, “Zvinoka, handisi kuzvinzwisisa.”

Ndakati, “Oo, Jesu aripi? Ndinoda kuMuona, zvakananyanya.”

¹⁵⁶ Vakati, “Zvino, Ari pamusoro zvisihoma chete, kumusoro chaiko neche *uko*.” Vakati, “Rimwe zuva Achauya kwamuri.” Maona? Ndokuti, “Wakatumwa, semutungamiriri. Uye Mwari vachauya. Zvino kana Vadaro, Vachakutongai zvinoenderana nezvamakavadzidzisa, kutanga, kuti vanopinda here kana kuti kwete. Tichapinda maererano nedzidziso yenyu.”

¹⁵⁷ Ndakati, “Oo, ndinofara zvikuru. Ko Pauro, anofanira kumira sekudai here? Ko Petro anofanira kumira sekudai here?”

“Hongu.”

¹⁵⁸ Ndakati, “Saka ndakaparidza Shoko rega-rega ravakaparidza. Handina kumbotsauka kubva paRiri, rimwe divi kuenda kune rimwe. Pavakabhabhatidza muZita raJesu Kristu, neniwo ndakazviita. Pavakadzidzisa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, neniwo ndakazviita. Chero chipi chavakadzidzisa, neniwo ndakazviitawo zvakare.”

159 Zvino vanhu ivavo vakadanidzira, ndokuti, “Tinozviziva izvozvo. Uye tinoziva kuti tiri kuenda nemi, rimwe zuva, kudzokera panyika.” Vakati, “Jesu achauya, uye imi muchatongwa maererano neShoko ramakatiparidzira. Uyezve kana mukagamuchirwa panguva iyoyo, izvo zvamuchazova,” vakati, “muchazotiunza kwaAri, semikombe yenyu yeshumiro yenyu.” Vakati, “Muchatitungamirira kwaAri, uye, tose pamwe chete, tichadzokera panyika, kunogara nekusingaperi.”

Ndakati, “Ndinofanira kudzokera zvino here?”

“Hongu. Asi ramba uchishingaira.”

160 Zvino ndakatarisa. Uye ndaigona kuona vanhu, kure kwandaingokwanisa kuona, vachiri kuuya, vachida kundimbundira, vachidanidzira, “Hama yedu inokosha!”

161 Ipapo pakare Izwi rakati, “Vose vawakamboda, uye nevose vakambokuda, Mwari vakupa Kuno.” Zvino ndakatarisa. Zvino hepanoi imbwa yangu yakare ndokuuya, yakauyapo ichifamba. Hepanoi bhiza rangu ndokuuya, ndokuisa musoro waro papfudzi rangu, ndokuita ruzha. Ndokuti, “Vose vawakamboda, uye nevose vakambokuda, Mwari vavaisa muruoko rwako, kuburikidza neshumiro yako.”

Zvino ndakazvinzwa ndichibva kuNzvimbo yakanaka iyoyo.

162 Ndakatarisa-tarisa. Ndikati, “Wakamuka here, mudiwa?” Akanga achiri akarara.

163 Zvino ndakafunga, “Oo Mwari! Oo, ndibatsirei, Oo Mwari. Musambofa makandirega ndichirerutsa neShoko rimwe chete. Regai ndigare ndakatwasuka paShoko iroro, uye ndoRiparidza. Handina basa nezvinouya kana kuenda, zvinoitwa nechero munhu upi zvake; vangani anaSauro ve . . . vanakomana vaKishi vanosimuka, vangani *ava, avo*, kana *vamwewo*. Ndiregei, Ishe, ndishingaire Nzvimbo iyoyo.” Kutya rufu kwese . . .

164 Ndinotaura izvi, neBhaibheri rangu pamberi pangu, mangwanani ano. Ndine mukomana mudiki apo, ane makore mana ekuberekwa, wekurera. Ndine musikana ane makore mapfumbamwe ekuberekwa; nemumwe ari pazera rekuyaruka, wandinotenda nokuda kwake, akatendeukira kunzira yaShe. Mwari, itai kuti ndirarambe, kuvakudza mukuraira kwaMwari.

165 Uye pamusoro pazvo, nyika yose inoita seiri kudandzira kwandiri, vakadzi nevarume vane makore makumi mapfumbamwe ekuberekwa, nemhando dzose, “Dai musina kunge makaenda, tingadai tisiri Pano.”

166 Uye, Mwari, regai ndishingaire muhondo. Asi kana zvikasvika pakufa, handina kana kusuwa. Unenge uri mufaro, anenge uri mafaro, kupinda, kubva mukuora uku nekunyadziswa.

167 Dai ndaigona kugadzira, kumusoro uko, mamaera zana remabhiriyoni kukwira mudenga, chinhu chine mativi mana

akaenzana, zvino ndirwo Rudo rwakakwana, nhanho imwe neimwe nenzira iyi, rwunotetepa, dzamara tasvika zasi apo patiri zvino. Rwunenge rwangove mumvuri wekuora, chinhu chidiki ichocho chatinogona kunzwa matiri uye nekunzwa kuti pane chimwe chinhu kune imwe nzvimbo. Hatizivi kuti Chii.

¹⁶⁸ Oo, shamwari dzangu dzinokosha, vadikanwi vangu, vadiwa vangu vemuVhangeri, vana vangu vandakabereka kuna Mwari, nditeererei, mufudzi wenyu. Imi, ndinoshuva kuti dai paiva neimwe nzira yandaigona kuzvitsanangura kwamuri nayo. Hakuna mashoko; handina kukwanisa kuriwana; hariwanikwe chero kupi zvako. Asi seri kwekufema kuno kwekupedzisira, kune chinhu chakanyanisa kubwinya chamati. . . Hakuna nzira yekuzvitsanangura. Hakuna nzira. Handitongokwanisi kuzviita. Asi chero chipi chaunoita, shamwari, isa zvimwe zvese parutivi kusvikira wawana Rudo rwakakwana. Svika panzvimbo yekuti unogona kuda munhu wese, muvengi wese, chimwe chinhu chese.

¹⁶⁹ Kushanya kumwe Ikoko, kwandiri, kwakandiita munhu akasiyana. Handimbofa, kana, kana ndakava Hama Branham vamwe chete vandaive. Kunyangwe ndege dziri kuzunguzika, kunyangwe mheni iri kupenya, kunyangwe tsori iine pfuti yakandinongedzera, chero zvazviri, hazvina basa. Ndiri kuzoshingaira muhondo, nenyasha dzaMwari. Nekuti, ndakaparidzira Vhangeri kuchisikwa chose uye nekumunhu wese wandinogona, ndichivanyengetedzera kuNyika yakanaka iri mhiri.

¹⁷⁰ Zvingaite sezvakaoma. Zvingatore simba rakawanda. Handizivi kuti kusvika riinhi. Hatizive, kutaura panyama. Iyo. . . Kubva pakuongororwa kwangu rimwe zuva, akati, “Une makore makumi maviri nemashanu ehupenyu hwakasimba, hwakanaka. Wakagwinya.” Izvozvo zvakandibatsira. Asi, oo, zvakanga zvisizvo. Hazvisizvo. Ndechimwe chinhu chiri mukati *umu*. Kuora uku kuno kunofanira kupfeka kusaora. Ichi chinofa chinofanira kupfeka kusafa.

¹⁷¹ Vanakomana vaKishi vangasimuka. Ini. . . Zvinhu zvese zvakanaka zvavanoita, handina chakaipa chekutaura ndichipesana nazvo, kupa kuvarombo nekupa rubatsiro. Uye rangarirai, nhai, Samueri akaudza Sauro, “Newewo uchaporofita.” Uye vazhinji vevarume ivavo vakuru, vaparidzi vane simba, vanogona kuparidza Shoko sengirozi huru. Asi zvakadaro kwaive kusiri kuda kwaMwari. Mwari ndivo vaizova mambo wavo. Hama, hanzvadzi, iwe rega Mweya Mutsvene akutungamirire.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

Ndiri kusuwa kumusha uye ndakasuwa. . .

Ndinoda kuona Jesu,

Ndinoda kunzwa mabhero iwayo anotapira epachiteshi chengarava achirira;

Zvaizojekesa nzira yangu uye zvainyangaditsa
 kutya kwose;
 Ishe, regai titarire seri kwechidzitiro chenguva.
 Ishe, regai nditarire seri kwechidzitiro
 chekusuwa nekutya,
 Ngandione nzvimbo iyoyo yezuva rinopenya
 yakajeka;
 Zvaizosimbisa kutenda kwedu uye
 zvainyangaditsa kutya kwose;
 Ishe, regai vatarise seri kwechidzitiro
 chenguva.

¹⁷² Ndine chokwadi, Ishe, kana chechi diki ino, mangwanani ano, ikakwanisa bedzi kutarisa seri kwechidzitiro: pasina dambudziko pakati pavo, haringambovepo; pasina hurwere; pasina chinhu kunze kwekukwaniswa. Uye Ikoko kungori kufema kumwe chete pakati pepano neIkoko, kubva pazera rekukwegura kuenda kuhudiki, kubva munguva kuenda muna Ziyendanakuenda, kubva pakunetsekera ramangwana, nekusuwa kwanezero, kusvikira panguva ino yemuna Ziyendanakuenda mukukwaniswa.

¹⁷³ Ndinonamata, Mwari, kuti Muropafadze munhu wese ari pano, kana paine avo pano, Ishe, vasingaKuzivei nenzira iyoyo yeRudo. Uye zvirokwazvo, Baba, hapana chinhu chinogona kupinda muNzvimbo tsvene iyoyo chisina mhando yeRudo irworwo, kuZvarwa patsva, kunge wakazvarwa patsva. Mweya Mutsvene, Mwari, Rudo, uye tinoziva kuti ichocho ichokwadi. Hazvina basa kana tikafambisa makomo nekutenda kwedu, kana takaita zvinhu zvikuru, zvakadaro, pasina Irworwo ikoko, hataizokwanisa kukwira manera makuru aya ari mhiri. Asi naIrwo, Rwuchatisimudza kupfuura hanyi'a yezvinhu zvepanyika. Ndinonamata, Baba, kuti Mucharopafadza vanhu vari pano.

¹⁷⁴ Uye dai, kuti, munhu wese andinzwa, mangwanani ano, ndichitaura Chokwadi ichi, kuti Imi muve chapupu changu, Ishe, saSamueri wekare, "Ndakambovataurira here chero chinhu muZita reNyu kunze kweicho chaiva chokwadi?" Ndivo vatongi. Uye ndinovaudza zvino, Ishe, kuti Makanditora kuenda kuNyika iyoyo. Uye Munoziva kuti ichokwadi.

¹⁷⁵ Uye zvino, Baba, kana paine vamwe vasingaKuzivei, dai ino yave nguva yavanoti, "Ishe, isai mandiri chido chekuva kuda kweNyu." Zviitei, Baba.

¹⁷⁶ Uye zvino, imi, nemisoro yenyu yakakotamiswa, mungasimudzawo maoko enyu here, moti, "Ndinamatireiwo, Hama Branham, Mwari vade vari mandiri."

¹⁷⁷ Zvino uchiri chaipo pauri, mukungotapira chaimo, ko wadii kungoti kuna Baba, "Mwari, mukati memoyo wangu, nhasi, ndinoramba zvinhu zvese zvenyika. Ndinoramba zvese,

kuti ndiKudei nekuKushandirai, hupenyu hwangu hwese. Uye ndichadaro, kubva nhasi, kubva zvino zvichienda mberi, ndoKuteverai, muRugwaro rwose rwemuBhaibheri reNyu”? Kana usati wabhabhatidzwa murubhabhatidzo rweChikristu, “Ndichadaro, Ishe.”

¹⁷⁸ “Kana ndisati ndagamuchira Mweya Mutsvene...” Uchaziva pawakaUgamuchira. Uchapa kwauri—Uchapa kwauri gutsikano neRudo rwaunoda. Oo, ungadai wakaita zvakasiyana-siyana, wakava nekutekenyedzwa, sekuti ungadai wakadanidzira kana kutaura nendimi, zvinova zvakanaka. Asi kana Rudo rwaMwari irworwo rwusipo, nditende zvino, iti, “Ishe, isai mukati memoyo wangu, nemumunhu wangu wemukati, kusvika kweMweya weNyu, kuti ndide, nekuremekedza, uye ndive neRudo rwaMwari irworwo mumoyo mangu, nhasi, rwunozondiendesa kuNyika iyoyo kana mweya wangu wandinofema wekupedzisira wandisiya,” patiri kunamata. Iwe namata, pachako, zvino. Nenzira yako, iwe namata, kumbira Mwari kuti vakuitire izvozvo.

¹⁷⁹ Ndinokudai. Ndinokudai. Imi varume vanokosha vachena misoro vagere pano, avo vakashanda nesimba uye vakapa vana vadiki chikafu! Imi vanaamai vanonzwisa tsitsi, vakwegura vakapukuta misodzi kubva kumeso kwavo! Regai ndikusimbisirei izvi, hanzvadzi, mudikani, hazvina kudaro mhiri kumwe kuya ikoko. Ndinotenda kuti zvirokwasvo Kuri mukamuri. Chingori chiyero chatinogara machiri. Chino chingori kuora chatiri kurarama machiri zvino.

¹⁸⁰ “Asi idai mandiri, Ishe, Kuda kwenyu kuve.” Iwe namata, patiri kunamata pamwe chete.

¹⁸¹ Nekuremekedza, Ishe, pahwaro dzeShoko reNyu uye neMweya Mutsvene weNyu, tinofara kwazvo kuti tinoziva kunobva Kuberekwa kwedu. Tinofara kuti taka “zvarwa kwete nekuda kwemunhu, kana nekuda kwenyama, asi nekuda kwaMwari.”

¹⁸² Uye tinonamata, nhasi, Baba, kuti ava vari kukumbira zvino nyasha dzekuregererwa, kuti Mweya weNyu uzoita basa iroro, Ishe. Hapana nzira yekuti ndizviite; Ndingori munhu, mumwe mwanakomana waKishi. Asi tinoda Imi, Mweya Mutsvene.

¹⁸³ Mwari, ngandive saSamueri, uyo anotaura Zvokwadi yeShoko. Uye MakaRisimbisa, kusvika zvino, uye ndinotenda kuti Muchaenderera mberi, chero bedzi ndichiramba ndakatendeka kwaMuri.

¹⁸⁴ Dai vose zvino vagamuchira Hupenyu Husingaperi, Baba. Dai zuva rino rikasambobva kwavari. Munguva iyo yavanosvika pakuzosiya nyika ino, dai izvi, zvandichangobva kutaura kwavari, zvazaruka kuve zvezvirokwazvo. Zvino apo takagara pano, tichifa, nhasi, takatarisa wachi yedu, tichifunga nezvekudya kwedu kwemasikati, zvebasa mangwana,

zvezvido nekushingairira hupenyu, hazvizovepo ikoko. Zvose zvichanyangadika. Kuchave kusina hanyin'a yezvehupenyu; uye mufaro mukuru mumwe wemuna Ziyendanakuenda. Vapeiwo mhando yeHupenyu hwakadaro, Baba, munhu wese. Uye dai. . .

¹⁸⁵ NdinoKukumbirai izvi, Baba, kuti munhu wese ari pano mangwanani ano, andinzwa ndichitaura chiratidzo ichi, dai ndasangana nemumwe nemumwe wavo kune rimwe divi; kunyangwe pangave nevarume pano vangapesana neni, nemadzimaiwo, zvakare. Asi, Baba, musambofa makatendera izvozvo kuti zvimire munzira yedu. Dai tikasangana navo mhiri Ikoko, uye ivo vozomhanya, zvakare, uye tobatana zvakasimba, tichidanidzira, "Hama yedu inokosha." Ngazvise sekuratidzwa kwazvakaitwa Ikoko, Ishe, kune munhu wese, vese vandinoda, nevose vanondida. Ndinonamata kuti zvichava saizvozvo, Ishe. Uye ndinovada vese. Ngavaonekwe, Baba. Ndinovapa Hupenyu Husingaperi zvino. Dai vakaita chikamu chavo, kuHugamuchira. Nekuti ndinozvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

¹⁸⁶ Tine nguva shoma, yekunamatira vanorwara. Ndinoona kuti tine musikana mudiki, anorwara pano, nemudzimai ari muchigaro.

¹⁸⁷ Zvino, kuhama, nehanzvadzi dzangu dzinonyanya kukosha, ndapota musatadza kundinzwisisa. Ini—ini handizivi zvakaitika. Handizivi zvakaitika. Asi, Mwari, kana ndafa, dai ndadzokera Ikoko. Ingondiregai ndiende kuNzvimbo iyoyo, ndiko kwandinoda kuva, chero kwakwaive. Handisi kuedza kuva Pauro akatorwa kumusoro kumatenga echitatu. Handisi kutaura izvozvo. Ndinotenda kuti Aingodza kundikurudzira, kuedza kundipa chimwe chinhu chidiki kuti chindisundire mberi, mushumiro yangu itsva iri kuuya.

¹⁸⁸ Zvingaite sekusaremekedza here kana ndikaverenga chimwe chinhu pano, kwekanguva? Zvingave zvakana here? Rimwe remamagazini akanyanya kukurumbira enyika, Billy Graham:

¹⁸⁹ "*Chiremba Billy Graham Vakakokwa KuIziram*, zviri papeji rekutanga re*The Afrikaans Times*, Kukadzi musi wegumi neshanu, 1960. Munyori wenyaya, aive maMoziremu, muMohamedhi, anofunga kuti zvishamiso zvinofanira kutevera kuparidzwa kweEvhangeri yaKristu, mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi. Tinotaura chinokorwa, 'Ndezvizvi: Kristu akavimbisa vateveri vaKe, paAkati, "Uyo anotenda kwaNdiri, mabasa Andinoita iye achaaaitawo zvakare; kunyange makuru pane aya achaaaitawo." Chechi yakamboita here mabasa, okuti, hu—hunhu hwaKristu muBhaibheri? Ko Inogona here nhasi uno? Pane here chero chechi ipi inogona kuratidza, nokuita kana hafu yezvishamiso zvakaitwa naKristu, ko kuzoti "mabasa makuru"? Unogona here, iwe sedungamunhu, ane mukurumbira, mutsigiri weMukristu, kusimuka, kumutsa

vakafa kuhupenyu hwepanyama? Unogona kufamba pamusoro pemakungwa here? Unogona here kupodza vanorwara nekupa kuona kumapofu? Izvi hazvisi here, zviri maererano nenguva yakataurwa pamusoro apo, yakaitwa nemuMohamedhi? Kana kuiswa, kana, kuyedzwa naKristu...?..vateveri sezvirevo zvevamwe, kana mukutenda kwako? Zvakawanda pachinyorwa chemuMoziremu zviri pachena kuti pane chirevo pamusoro pechimwe chakapotswa.”

¹⁹⁰ Vanozvidza muMoziremu uyu, asi akanga achitaura chokwadi. Asi hezvinoi izvo zvavakazotaura:

¹⁹¹ “Mhinduro yakanakisa yekuverenga Bhaibheri, uye nekuziva Korani. Korani rinotendera kuti...ne... yakatenderwa nekuenzanisa. Kutaura kwekuti chiMohamedhi chiri pamusoro uye chiri kukunda Chikristu, kungoriwo,” (k-u-z-v-i-s-i-m-u-d-z-i-r-a) “kuzvisimudzira,” (ndinofunga), “fungidziro. Munyori, zvisinei hazvo, akabata pfungwa yakakosha maererano nezvishamiso zvinova zveChechi. Asi pano zvakare tinopokana kuperera kwemunyori, nekuti ndiani aigona kunongedza uye aigona kupokana zvishamiso zvakaitwa naMufundisi William Branham pamberi pemaMoziremu kuSouth Africa, apo zviuru gumi zvakagamuchira Kristu seMuponesi pasi peshumiro yaWilliam Branham, kuDurban, South Africa, nekune dzimwe nzvimbo pasi rose, kana kuna T. L. Osborn kuEast Africa? Hongu, tinomira zvizere naBilly Graham. Tataura nyaya yemubvunzo, hainei...Nyaya iyi iri kubvunzwa haina kukosha.”

¹⁹² Asi pakati pazvo zvose (Vakandidana kuti...vakati taiva vapengereki, takange tisingazivi zvataiita.), vakatozopupura, mubepa ravo vomene, kuti Mwari vakazviita, zvakadaro. Mwari vachingori Mwari, nhasi, sezvaVakagara vari. Munogona kusafunga kuti havazvitende, havazvioni. Hazvina kungovanzwa; hazviitwe muchikona. Uye mazana ezviuru zvevanhu vakagara ipapo, vakazviona. Pavakaona mukomana iyeye akaremara, anotambudzika achiuya ikoko, Mweya Mutsvene ndokumuudza nezve hupenyu hwake, nezvinhu, nezvakaaitika imomo. Uye kuona zviuru gumi zvemaMoziremu vakazviradzika pasi, vakazvambarara, vakagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wavo.

¹⁹³ Tichina ana T. L. Osborn, nevamwe vakadaro, vachiri kupa Chikafu chemakwai. Ndinofungidzira kuti Hama Osborn havasati vambova pakati pemaMoziremu nazvino. Vanotaura kuti ivo ndivo vakanyanyisa kutekeshera. Asi tichina Mwari vanogona kununura makwai kubva kushumba, vanogona kununura makwai kubva kuchitsere.

¹⁹⁴ Zvakandiitira zvakanaka kuziva kuti vakatozovinyora uye nekuzvicherechedza. Kwete, vanofunga kuti havadaro;

vanofamba vachibva vofuratira, uye vachiti, “Ah, mazuva iwayo akapfuura.”

¹⁹⁵ MuMoziremu akati, “Akadaro here? Bhaibheri rose rinobva ratopfuura. Mese muri kukanganisa. Muri kunamata Munhu, Munhu akafa, uye Zita raKe raiva Jesu. Uye Akafa, makore mazhinji apfuura, uye hakuna chinhu chinonzi Iye akamutswa.”

¹⁹⁶ Asi havana kukwanisa kutaura izvozvo pamusangano wekuDurban. Hapo Akamira achiita chinhu chimwe chete chaAkaita, zvakazviratidza kwavari. Zvino kunyange ma—masangano anofanira kudzoka, munhu wacho akanyora uye akandiudza kuti ndaizofanira kusiyana nedzidziso yangu yeBhaibheri, ndiye akazonyora izvozvo mubepa ravo. Mwari yenovaita kuti vaVarumbidze, zvakadaro, ipapo, zvisinei. Ndizvozvo. Vachavaita kuti vaVarumbidze, zvakadaro.

¹⁹⁷ Tine musikana mudiki, anorwara agere pano. Mwana wenyu here? Dambudziko rake chii, hanzvadzi? [Hanzvadzi inoti, “Ropa riri kubuda muhuropi.”—Mupepeti] Amai? [“Ropa riri kubuda muhuropi.”] Ropa riri kubuda muhuropi. [“Ndakakunyorera, makore akati wandei apfuura, nezve ropa riri kubuda muhuropi.”] Oo, hongu. [“Anga achirwara zvino, anenge ave nemakore mana muna Nyamavhuvhu.”] Makore mana, muna Nyamavhuvhu. [“Hama Neville vakauya zasi kuzomuona.”] Oo, anobva kuMarengo, kana kune imwe nzvimbo zasi uko? [“Paoli.”] Paoli. Ndiye here musikana, wacho? Pane chinhu chimwe chete, amai, chinogona kuponesa musikana: anova, Mwari vachimuziva. [“Ava nani zvakanyanya kupfuura zvaave.”] Ndinofara kwazvo nazvo.

¹⁹⁸ Makange muri zasi kunomunamatira here, Hama Neville? [Hama Neville vanoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti] Kubvira Hama Neville vakadzika zasi kunomunamatira, ave zviri nani. Kuchine vafudzi vanoziva Chikafu chemakwai.

¹⁹⁹ Dambudziko renyu nderei, hanzvadzi wadiwa, vakagara pachigaro apo, renyu? [Imwe hanzvadzi inoti, “Vane kenza.”—Mupepeti] Kenza.

²⁰⁰ Saka, kana ndingangokubvunzai chimwe chinhu, pamwe pano chaipo. Vangani muno vakapodzwa . . .kenza? Simudzai maoko enyu. Tarisai pano, hanzvadzi. [“Havanzwi zvachose, uye havagone kunzwa zvamunotaura.”—Mupepeti]

²⁰¹ Mwari ndivo Mupodzi. Tinozviziva izvozvo. Kana ndikakuudzai kuti ndinogona kuenda zasi uko ndonobvisa kubuda ropa kwemusikana ndomuita kuti apore, ndaikuudzai zvisiri izvo, kana, kugona kubvisa kenza kubva pamudzimai. Asi ndinoziva chinhu chimwe chete, kwaive nechitsere (kenza, bundu, hupofu, uye kunyangwe rufu) ndokubata rimwe remakwai aMwari, rimwe zuva, zvino ndakaendako nesimba raMwari, ndikamuuraya ndikadzosa gwai iroro. Ndizvozvo. Zvino tinoenda nhasi uno, kwete nechimwe chinhu chikuru,

chakati-chikati. Ndinoenda nekachimvii kadiki kakareruka kemunamato. Achamudzosa.

²⁰² Munozvitenda izvozvo here, hamudaro here, hanzvadzi? Munotendawo, zvakare, hamudaro here, hanzvadzi? Vangani venyu vanotenda nemooyo wenyu zvino?

²⁰³ Zvino imi kotamisai misoro yenyu ndichienda kunonamata.

²⁰⁴ Baba vanodikanwa, mudzimai wechidiki akanaka arere pano, asingambofi achafamba zvachose, kana kuenda kwese-kwese, kunze kwekunge Mamubatsira. Muvengi akamubata. Asvika pekuti haachakwanisi kubatsirika nachero chiremba upi zvake. Muvengi akamubvutira kure-kure mhiri muchadenga, kusvikira chiremba akatadza kuita kana chinhu. Asi haasi kure kwaMusingakwanisi kusvikira, Ishe. Aripo chaipo paMunogona kuisa Ruoko rweNyu paari. Pahwaro hweShoko raMwari, ndinoisa maoko angu pamusoro pemudzimai mudiki uyu, uye ndichitsiura ropa iri riri kubuda muhuropi. MuZita raJesu Kristu, ndinomudana kuti adzokere pakuva mudzimai akagwinya zvakare. Achararama kuti Mwari vapihwe mbiri. Ngaave anonatswa, achipinda nekubuda muchechi ino, sevamwe vakambopinda, zvakafanana neizvi, kupa rumbidzo kuna Mwari. Ngazvive saizvozvo, kubudikidza naJesu Kristu.

²⁰⁵ Sekuchena kwebvudzi rake, kungotenderera kushoma, zvino achange ave muNyika iyoyo iri mhiri uko kwandakaona vachisina kuchembera zvachose, asi vechidiki. Asi vadikanwa vake vakagara pano, vachichema, uye vanomuda. Muvengi mukuru akamubata nesimba zvino akamubvuta kure kusingasvikwi nachiremba, shumba inotyisa yekenza. Mwari, ndinouya, ndichimutevera. Ndauya kuzomudzosa. Ndinouraya shumba yekenza, nemuZita raKristu asingakundwe, kuna Iye wandiri mumiririri. Ngaimusiye, uye ngaaita zvakanaka, uye ararame makore mazhinji, zvakadaro, kuitira kukudzwa nekubwinya kwaMwari, kubudikidza naJesu Kristu Ishe wedu.

²⁰⁶ Zvino, Baba veKudenga, izvo hazvingori munhumbi huru dzokurwa nadzo, kwete pfumo rakakwenenzverwa, mutauro uye nemazwi emumwe mutauri, asi nechimvii chidiki chamazuva ese, chekutenda. Ndinouyira mweya uyu, nemutumbi uyu wakabvuta nemuvengi wekenza kusingakwanisi kusvikwa nachiremba. Asi ndinomuvinga, mangwanani ano, Ishe, ndichimudzosa kumafuro manyoro akasvibira nemvura yakadzikama. MuZita raJesu anokunda, uyo wandiri mumiriri waKe. Nekutenda kusiri kwekunyebedzera, ndinotenda kuti achadzoreredzwazve, nesimba rino remunamato uno wataita. Ngazvive sekudaro...?...

²⁰⁷ (Ndinotenda kune shumiro yerubhabhatidzo. Iripo here?) [Hama Neville vanoti, “Hongu, changamire. Vaparidzi vaviri vachine vamwe vanhu vavanoda kubhabhatidza.”—Mupepeti]

208 Mungasimudza here musoro wenyu kwechinguvana? Mufundisi vachangondiudza. . .

209 Vanhu ava vari kurwara zvakananya, kwazvo. Vachaita zvakanaka. Ingoregai. . .Zvakanaka. Vimbiso yaMwari haifi yakakundika. Tinovatevera.

210 Vane shumiro yerubhabhatidzo. Pane vamwe vanhu vanofanirwa kuenda. Tichava neshumiro zvakare manheru ano.

211 Pane mumwe here pano asingakwanise kuuya manheru, angade kuti timunamatire izvozvi, asingakwanisi kuva pano manheru anhasi? Ungauye pano chaipo here zvino, iwe usingakwanise kuuya manheru anhasi. Ndichava nenguva yakawanda; kuita mutsara wekunamatirwa, manheru anhasi. Vanofanira kubhabhatidza vanhu ava.

212 Mune mukomana mudiki ipapo? Zvakanaka. [Imwe hama inoti, “Zvakanaka here kana ndikakupai izvi?”—Mupepeti] Hongu, hama. Ndokutendai, zvikuru. Zvakanaka here kana ndikazviverenga mushure mechinguvana kana izvozvi? Maita henyu, changamire.

213 Zvino kana mukangotipa imwezve miniti imwe kana mbiri, isu zvino tinozove neshu—shumiro yeru—yerubhabhatidzo. Ndinoziva kuti muchada kuiona.

214 Uye avo vari kushuvira kubhabhatidzwa mangwanani ano, zvakanaka, imi, madzimai endai neche *uku* kuti vanochinja nguwo dzavo, uye varume vaende kurutivi *urwu*. Uye apo pandiri kunamatira vanhu ava vanorwara, ipapo munogona kugadzirira shumiro yerubhabhatidzo. Uye avo zvino vari. . .

215 Zvino, manheru, ndichaedza kuita mutsara mu—mudiki wekunamatirwa, nhasi manheru, pakarepo, munguva iyoyo vachingopinda. Uye tichatanga muBhuku reVaEfeso 1, manheru. Uye tichafara zvikuru zvino kuva nemi muno, kana musina chechi yekuenda kwairi. Asi kana muine mufudzi wenyu nechechi, saka imi—imi endai kucheche kwenyu kunokosha kwamunotsigira.

216 Kana imi vanofanira kuenda, uye muri kuzobva panguva ino, Mwari vakuropafadzei. Ivai nesu zvakare pamunokwanisa. Tichafara kuva nemi.

217 Muri kuzonamatirwa here, nemiwo, hama? Dambudziko renyu chii? B.P. yakakwira.

218 Zvino, vamwe wenyu mose, makakotamisa musoro wenyu, kwechinguvana, tinoda kunamata.

219 Baba, ndinoKutendai, nhasi, nechimvii chidiki chemufudzi, munamato wakagwadamisa shumba, uye gwayana diki rakabvutwa kubva kwairi, ndokudzoserwazve kuna amai nababa varo. Ndinonamatira hama yedu. Ndinokumbira kuti Muvaunze mukati vakachengeteka, zvakare, Ishe. Dai B.P. yakakwira uye nematambudziko emutumbi wavo amira.

Ndinovatevera, Ishe, nokuvadzosa, nemuZita raJesu Kristu. Ngazvive saizvozvo. Amenii.

Mwari vakuropafadzei, hama.

Ndichidzika, ndiri kukuonai makabata mukomana mudiki, bofu.

²²⁰ Chimwe chinhu zvakare chandingade kutaura. Ndaive ndiine. . . ndichirwara zvakanyanya, ndairutsa. Zvino ndakafunga. . . Handidi kuti mupotse izvi, kana muchikwanisa. Ndakafunga, “Mwari, chii chandingape kana ndikanzwa mumwe munhu achimira panze? Mudzimai wangu oti, ‘Billy, pane murume mutana ari pano kuzokuona.’”

²²¹ “Zvino heunoi muchinda mudiki ouya, ane mhanza nendebvu dzakachena dzakaremba kumeso kwake. Ofamba achipinda, oti, ‘Ndimi Hama Branham?’”

“Ndaiti, ‘Hongu, changamire, ndini.’”

²²² “‘Ndinonzi Simoni.’ Oisa ruoko rwake pandiri, ondarisa kwechingvana. Oti, ‘Muri mutendi, Hama Branham.’”

“‘Hongu.’”

²²³ “‘Zvichaita zvakana. Simoni Petro, wemuBhaibheri. Ndaizozvifarira sei! Haaizofanirwa kutaura zvakawanda. Kungoisa ruoko rwake pandiri, zvinozoita zvakana.’”

²²⁴ Uyezve zvauya kwandiri, nerubatsiro rwaMwari, uye nenyasha dzaMwari, kune makumi ezviuru zvevanhu vanotenda chinhu chimwe chete, kana ndiri ndaiuya kwavari. Zvino ndakafunga, “Ishe, regai ndisvike kune munhu wese wandinokwanisa, zvino. Regai ndingo—kungo. . .”

²²⁵ Ndakafunga, “Kana Simoni, kana angori Pauro zvake, vamwe vavo, vongopinda uye vachiti, ‘Ndimi Hama Branham?’”

“‘Hongu.’”

²²⁶ “Voisa maoko avo pamusoro pangu, uye vonditarisa, voti, ‘Zvakana, Hama Branham,’ vobva vangobuda.”

²²⁷ “Ndaipora. Ndaita zvakana. Chokwadi. Ndakati. . . Vakomana, hushingi hwangu hwaizosimuka pakarepo. Ndaiti, ‘Ndiri kuzoita zvakana.’” Hongu, changamire.

²²⁸ Uye kune vanhu vanotenda chinhu chimwe chete nhasi. Uye ndizvo zvandiri kuuyira zasi kuno kuti ndiite, kuturika maoko pamusoro peny, ndokumbira Mwari.

²²⁹ Ndinoda kuenda nekakomana kadiki aka, hanzvadzi, kwechingvana bedzi. Iye kakomana kadiki, bofu. Ane nguva yakareba sei ari bofu? [Hanzvadzi inoti, “Kubvira pakuzvarwa.”—Mupepeti] Kubvira pakuzvarwa.

²³⁰ Mhoro, kakomana kadiki! Oo, uri kakomana kakanaka kwazvo, kadiki. . . ? . . .

²³¹ Oo Mwari vane nyasha! Zvinopfuurira kunokwanisa kusvikwa navanachiremba, pakuzvarwa kwemukomana mudiki uyu, akazvarwa ari bofu, uye haaoni; kakomana kadiki aka kakanaka, kanoyevedza. Zvino muvengi, muchinda mudiki asati awana mukana muhupenyu, akamubvutira kure kusingakwanisi kusvikwa nachiremba. Saka, ndiri kutevera shure kwake, mangwanani ano, Ishe. Chimvii chino chamazuva ese, chidiki chemunamato. Regai ndimudzose, Mwari. Ndinosingana nemuvengi, dhiyabhore, muZita raJesu Kristu, uye ndinokumbirira mukomana uyu kuitira Mwari. Ndinokumbira kuona kwake, kuitira Mwari, ndichimudzose izvo zvaakabirwa naSatani. Dai akave nazvo. MuZita raJesu Kristu, zvichave saizvozvo. Zvino, ngazvive sokudaro.

²³² Zvino, hanzvadzi, inodikanwa, zvino, musave kana nekadonhwe kekupokana kuti kakomana kadiki aka kanoita zvakanaka. Uye ndinoda kuti imi, mumudzose pano pachechi, uye muratidze vanhu, kuti ave kuona, zvino, hamungadaro here?

Ndinomupa kuona kwake, muZita raJesu Kristu. . . ? . . .

²³³ Ishe Jesu, kuisa. . . Mudiki uyu wataisira munamato wakanyanya zvikuru! Asi, mangwanani ano, ndauya zvakare muZita raJesu Kristu, ndakatakura chimvii chidiki ichi chaMakandipa. Uye Makandibatsira neichi, Ishe, neSimba reNyū, kutora. . . kubva mumuromo wekure, kubva mumuromo werufu pacharwo, kumutsa vakafa mushure mekunge vataurwa kunzi vafa, uye vakarara vakaomarara uye vakatonhora. Ndinotevera muvengi uyu, nemuZita raJesu Kristu. Saka mudzosei kuhutano hwakanaka zvakare, Ishe. Zviitei. Ngazviitwe saizvozvo, kuitira mbiri yaMwari.

²³⁴ Uye muri kuzonamatirwa here? [Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] Muri mutendi here? [“Hongu.”] Ishe, ndinovaunza, pavanokwanisa kusvikira nechimvii ichi. NeMuZita raJesu Kristu, ngazvivasiye uye zvisadzoke zvachose.

²³⁵ [Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] Saka, chimvii chimwe chete ichocho, chakaenda ndokunotora Hama Harley, uye kuitira mwanasikana wenyu nemi.

²³⁶ Zvino, Baba veKudenga, ndinouya ndichitevera muvengi, ndichishandisa chimvii chidiki ichi chaMakandipa, nekuti Makati, “Kana ukaita kuti vanhu vatende, uye wova wakaperera paunonamata,” dombo diki iroro richaenda panzvimbo inouraya. Dai raenda zvino, Ishe, apo ndichiritumira kuchikumiro chavo. NeMuZita raJesu Kristu, ngazvive saizvozvo. Amen.

²³⁷ [Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] Zvakanaka, hanzvadzi. Zvino tava. . . Tsinga dzemanzwiro dzapfuura kungakwaniswe kusvikwa navanachiremba. Vanogona kukupai chimwe chinhu chekuti vakudzikamisei, asi zvinotozokuitai kuti muwedzere, mushure meizvozvo. Hongu.

Zvino tarisai. Tiri kubuda kunze kunomutevera, mangwanani ano. Kubuda kunze; kunokudzosai. [Chibenga chisina chinhu patepi.]

²³⁸ Ishe Jesu, . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . matombo mashanu madiki, k-u-t-e-n-d-a, uye nechimvii chemunamato. Uye ndiri kudzosa hanzvadzi yangu kubva mukubata kwekuhuta-huta ikoko . . . ? . . . uko. Ndiri kuvadzosa kurunyararo nemafuro manyoro akasvibira nemvura yakadzikama. Ndinoita izvi nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

[Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti.]

²³⁹ Mwari Baba, musikana mudiki uyu, tinofara kwazvo kuti hwanga husiri hurwere hunopedza simba pamwe nekupera kwemarunda. Asi zvisinei nekuti zvanga zviri chii, zvichiri kwaMunokwanisa kusvikira, Ishe. Uye ndinouya nechimvii chidiki chekutenda, neibwe iri. Uye ndinodzvanya dombo iri nesimba rose randinogona kurikanda naro. NeMuZita raJesu Kristu, dai rasvikorova panzvimbo chaiyo. Dai hanzvadzi yedu yapora. Ndinoita izvi nemuZita raJesu Kristu.

[Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti]

²⁴⁰ Saamai vechidiki ava, nemwana wavo mudiki, mudiki wavanoda kusangana naye mhiri, kune rimwe divi, muNyika iyoyo inobwinya yandangobva kutaura nezvayo, uye ivo . . . Amai havazorarame kune . . . kuzorera mukomana mudiki, uye mukomana mudiki haangagone kurarama kwenguva refu pasina rubatsiro rweNyuu. Asi ndiri kuuya nechimvii, nesimba rose uye nekunyatsonangisa kumuvengi kwandingaita. Uye nemuZita raJesu Kristu, ndinoripotsera kwaari. Vachaita zvakanaka, kuitira mbiri yaMwari. NemuZita raJesu. Amenii.

[Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti]

²⁴¹ Oo, zvakanaka kwazvo. Ndafara. Zvakanaka, shumiro iyoyo, kumashure, yaive shumiro hurusa yekunongedzera vanhu kunze. Yainongedzera kumabasa . . . ? . . .

²⁴² Baba vedu Vekudenga, Satani akabvuta amai vadiki ava kure kusingakwanisi kusvikwa navanachiremba. Vanogona chete kupotsera mushonga nenzira iyo, Ishe, zvinongomubvarura-bvarura pose, pose, zvichimuita kuti asazive kuti aripi. Uye kana achinge abengenuka, anenge atowedzera. Asi ndiri kuuya nechimvii chino chekutenda, chiine dombo, chichiriendesa rakananga zvakanakwana, kuti rinange chaipo pane chipfuro. NemuZita raJesu Kristu, ndinobvisa kuhuta-huta uku kwavari, kuitira mbiri yaMwari. Amenii.

[Mumwe munhu anotaura naHama Branham—Mupepeti]

²⁴³ Mwari vanodikanwa, Hama George varere uko, vachifa, kasiri kare, Ndakaona zvakanakwana nekutenda kwavari. Zvino vane chirwere cherheumatism, Ishe. Tinoona kuti vanogona kuvapa mushonga wecortisone, chimwe chinhu chingaita

sokunyaradza marwadzo, asi haubvise chinhu chacho. Saka tinonangisa munamoto uno, nemuZita raJesu Kristu. Dai rheumatism yaenda. Ngavadzokere kumba vanoita zvakanaka.

Ndatenda, hama.

²⁴⁴ Makadini, mudikani? [Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] Oo, ini zvangu! Kusanzwa. Munogona kunzwa zvachose here? Uh-huh. Kungori mberi kusingasvikwi nekunzwisisa kwemunhu! Muri mutendi chaiye muna Ishe Jesu? [Hanzvadzi inoti, “Ameni.”] Ndinoona mudzimai ane runako mhiri Uko, rimwe ramazuva. Muchave wechidiki zvakare nekusingaperi. Ndinoziva kuti munoda kurarama zvino kuitira kubwinya kwaVo. Kudzokera kuve. . .

²⁴⁵ [Hanzvadzi inoti, “Kwete, ndiri kuchemera mwanakomana wangu.”—Mupepeti.] Mwanakomana wenyu. [“Akaenda kwemakore anopfuura maviri.”] Hamugoni kumuwana here? [“Ari muruoko rwaMwari.”] Oo, a—akatungamira? [“Uh-huh. Kuburikidza nemupata werufu.”] Oo, izvo. [“Uye kushungurudzika kwangu.”] Kubatwa neshungu. Hongu. [“Ndine shungu. . .Ndakabatwa neshungu. Uye ndinonzwa sekunge, kana kuri kuda kwaMwari, ndinoda kuti Vanditore. Handina chimwe chinhu kunze kwemufaro maVari.”]

²⁴⁶ Hanzvadzi inodikanwa, ndinoda kuti musvike pamunonzwa zvakanaka. Vanzwa chiratidzo here, mangwanani ano? [Imwe hanzvadzi inoti, “Vanonzwa zvakanaka.”—Mupepeti] Saka, imi muvauzde.

²⁴⁷ Saka, vari kuzokuudzai zvakaitika. Seri kwekufema kwenyu pano, mukomana anokosha iyeye akakumirirai. Muchange muri wechidiki saiye. Idai, ingodai. . .[Hanzvadzi inoti, “Handidi kugara. Ndinoda kuenda kwaari, kana kuri kuda kwaMwari.”—Mupepeti]

²⁴⁸ Baba veKudenga Vanodikanwa, mujawu wehupenyu wakamhanywa. Hapana zvimwe zvakananda zvasara. Zvino mukomana wavo anokosha, ari mhiri kwerwizi, dai aigona kungocheuka kumashure, aiti, “Kungori nemazuva mashoma bedzi.” Vakamirira igwa, Ishe, rinozovatora kupfuura nemumhute, kuenda kuNyika iyoyo yakabwinyiswa. Varopafadzei, Baba, nekunyaradza moyo wavo. Uye dai kukava kusanganiswazve kukuru, mhiri kwerwizi.



MAMBO AKARAMBWA SHO60-0515M
(The Rejected King)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Chivabvu 15, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org